ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№120 (24.402) ● 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## УФ-м и Президент Путин Владимир и юбилеймкIэ ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

«Нобэ и юбилейр егъэлъапIэ Урысей Федерацэм и Президент, Главнокомандующэ нэхъыщхьэ, лъэпкъым и пашэ Путин Владимир Владимир и къуэм.

Владимир Владимир и къуэр щапхъэщ Хэкум хуэпэжынымрэ абы псэемыблэжу хуэлэжьэнымкIэ. Ди къэралым и цIыхухэм гукIи псэкIи пщIэшхуэ хуащI а патриот иным, лъэпкъым и пашэм, Урысейм и къарумрэ зэфIэкIымрэ къэIэтыныр, абы щыпсэу лъэпкъхэм я шынагъуэншагъэр, ефIэкIуэныгъэр къызэгъэпэщыныр зи мурад нэхъыщхьэм.

ПIалъэ гъуэззэджэм ди Президентыр Iуощ1э и зэфIэкIымрэ и къарумрэ я изыгъуэу, политик губзыгъэу, къэрал лэжьакIуэ гъуэзэджэу, ди лъэхъэнэм дуней псом щыпашэ цIыхуу.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэми си щхьэкIэ сэри къыдбгъэдэкIыу Владимир Владимир и къуэм къыщалъхуа махуэмкIэ сохъуэхъу. СигукIи си псэкIи си гуапэщ абы узыншагъэ быдэ, къару мыкIуэщIыж иIэну, ди Хэкум и фIыгъуэмрэ щIыхьымрэ къэIэтыным яхуэгъэзауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм ехъулIэныгъэхэр къыщихьыну», - къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэм и Iэтащхьэм и хъуэхъу тхыгъэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Щэуей Артур Нажмудин и къуэм** - «Шэджэм» цIыхубэ предприятэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым;

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын**

**Ашэбокъуэ Артур БисултIан и къуэм** - «Гибрид СК» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэм

**Бакуев Жамал Хьэжыуэсмэн и къум** - «Бгылъэ, джабэ щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и генеральнэ директорым щIэныгъэмкIэ и къуэдзэм

**Вандоляк Еленэ Николай и пхъум** - «Ветеринарие медицинэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и «ВетеринариемкIэ республикэ лабораторэ» IэнатIэм ветеринарие-санитар экспертизэмкIэ Прохладнэ къалэм дэт и лабораторэ №1-м и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м*
*№98-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи республикэм и банк IэнатIэр зэтегъэувэным къаруушхуэ зэрырахьэлIам папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и Ищхъэрэ управленэ нэхъыщхьэм и къудамэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ банкым и лэжьакIуэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист»**

**Балаев Расул Хамит и къуэм** - унафэщIым и къуэдзэм

**Трубина Людмилэ Алексей и пхъум** - платеж системэхэмрэ расчетхэмкIэ IэнатIэм и унафэщIым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»**

**Шыгъушх Ларисэ Мухьэмэд и пхъум** - юридическэ къудамэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м*
*№99-УГ*

**Кужонов Ж. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Законыр гъэбыдэнымкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу къулыкъум зэрыпэрытым къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщын **Кужонов Жантемыр Абдулчэрим и къуэм** - Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м*
*№100-УГ*



## Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэм теухуа КъБР-м и Iэтащхьэм и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Фи IэщIагъэм ирилажьэхэм - Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

А махуэм дэ догъэлъапIэ ерыскъыпхъэхэм я лъэныкъуэкIэ къэралым и шынагъуэншагъэр гъэбыдэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным къыпхуэмылъытэным хуэдизу куэд хэзыщIыхьхэр. ЩIэкъузауэ икIи жэуаплыныгъэ хэлъу иужьрей илъэсхэм фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм псынщIэу зеужь икIи ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр къеxь. Гъавэу кърахьэлIэм, лырэ гъэшхэкIыу къалэжьым хохъуэ, жыг хадэхэм заубгъу, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ нэхъыбэ мэхъу. IэнатIэм кIуэтэху нэхъ нэгъэсауэ иджырей технологиехэр щIэгъэкъуэн щащI икIи ар сэбэп мэхъу продукцэм иIэ щIэупщIэр къэIэтынымкIэ, апхуэдэу мэкъумэшхэкIхэм нэхъри нэхъ кууу елэжьынымкIэ. А псори, шэч хэмылъу, зи фIыщIэр псом япэу фэращ.

ФIыщIэ ин фхузощI апхуэдэу егугъуу, IэкIуэлъакIуэу фызэрылажьэм икIи къыхэфха Iуэхум пэжыгъэкIэ фызэрыбгъэдэтым папщIэ. Дэ адэкIи мэкъумэш IэнатIэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэдгъэкъуэнущ, абы зиужьын, къуажэдэсхэм я псэукIэр нэхъ дахэ икIи иджырей зэманым къезэгъ хъун папщIэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым.

СигукIи си псэкIи сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ ефIэкIуэныгъэрэ фиIэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысейм адэкIэ заужьын папщIэ ехъулIэныгъэщIэхэр къэфхьыну.

# Егъэджакlуэхэр егъэгушхуэ, егъэлъапэ

● ЗэIущIэхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу хуэзащ ди республикэм и школхэм щылажьэ егъэджакlуэ ныбжьыщIэхэм. ЗэIущIэм хэтащ пэщIэдзэ классхэм, гуп нэхъыжьхэм гуманитар, естественнэ-щIэныгъэ предметхэр, информатикэр, физкультурэмрэ ОБЖ-рэ щезыгъэджхэу, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущапlэхэм щылажьэхэу Iэнатlэм пэрыувагъащIэ IэщIагъэлIхэр. Абы кърихьэлIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым хэтащ Worldskills Russia лъэпкъ проектым, НыбжьыщIэхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтынымкIэ Iэнатlэм и IэщIагъэлIхэм я къэралпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм, Класс унафэщIхэм я урысейпсо зэхыхьэм, егъэджакlуэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхъуа IэщIагъэлIхэр, школакlуэхэм я олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекlуа ныбжьыщIэ куэд зыгъэхьэзыра егъэджакlуэ Iэзэхэр. Апхуэдэхэт Налшык дэт курыт школ №29-м пэщIэдзэ классхэр щезыгъаджэ Къумахуэ Лилианэ, Прохладнэ къалэм и лицей №3-м биологиер щезыгъэдж Казанцевэ Екатеринэ, Бахъсэн къалэ дэт курыт школ №3-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж ХьэщIэрылI Каринэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №3-м тхыдэмрэ обществознаниемрэ щезыгъэдж Успанов Щэмил, Шордакъ жылэм дэт курыт школым физикэр щезыгъэдж Щоджэн Марьянэ, Щхьэлыкъуэ и курыт школ №2-м пэщIэдзэ классхэр щезыгъаджэ Хъутат Миланэ, Балъкъэр Ипщэм дэт курыт школ №1-м географиер щезыгъэдж Занибековэ Жамиля, Ташлы-Тала, Лэскэн Ипщэ жылэхэм я курыт школхэм щеджэхэм щIэныгъэ гуэдзэн езыгъэгъуэт Байсиев Ильяс, Майскэ къалэм дэт курыт школ №14-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Брыкинэ Марие, Тэрч къалэм дэт курыт школ №3-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Уэрсей Iэминэ, Малакановскэ къуажэм и курыт школым физкультурэмрэ ОБЖ-кIэ и егъэджакlуэ Квелашвили Георгий, Джэрмэншык дэт курыт школым физкультурэмкIэ и егъэджакlуэ Мэз Аслъэн, Тырныауз къалэм дэт курыт школ №3-м информатикэмрэ 3D моделированиемрэ щезыгъэдж Батырбиев Тамерлан.

Республикэм и Iэтащхьэм псалъэмакъ хьэлэмэт икIи купщIафIэ ядригъэкIуэкIащ егъэджакlуэхэм. Школ лэжьакlуэхэр тепсэлъыхьащ IэнатIэм пэрытхэм я Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ нэхъри хэгъэхъуа зэрыхъунум, урысейпсо утыкум пщIэ лъагэ щызыгъуэта егъэджакlуэ IэкIуэлъакlуэхэм мастер-классхэр ирагъэкIуэкIыныр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм. Апхуэдэу ахэр къытеувыIащ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм естественнэ-щIэныгъэ унэтIыныгъэмкIэ егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр педагогикэ факультет къыщызэгъэпэщыпхъэу къызэралъытэм, физикэр, химиер, биологиер, математикэр езыгъэджхэм щIыналъэр хуэмыныкъуэн папщIэ. КъищынэмыщIауэ, и гугъу ящIащ егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнри зыгъэпсэхунри щызэдахь хъуну гъэмахуэ школхэр къызэIухыным. Гулъытэ хуащIащ егъэджакlуэхэр зыпыщIа дэфтэрхэм, зэлIалIэ тхылъымпIэхэм ящыщ гуэрхэм кIэрыбгъэху зэрыхъунуми къуажэхэм дэт курыт школхэм физкультурэмрэ спортымкIэ IэнатIэхэр къыщызэгъэпэщынми.

- Фи жэрдэмхэм ящыщу зыри гулъытэншэу къэнэнукъым. Ахэр набдзэгубдзаплъэу дджынущ, нэхъыфIхэр лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэпынущ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек, егъэджакlуэхэм къыхалъхьэ Iуэхугъуэщlэхэм тепсэлъыхьу.

Абы жиIащ ди республикэр егъэджакlуэ Iэзэхэмкlэ, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъхэмкIэ дапщэщи зэрыцIэрыIуэр, абыхэм ящыщ куэдым я цIэхэр фIыкIэ урысей утыкушхуэхэм зэрыщыIуар. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр илъэситI зэкIэлъыкIуэм хъуащ «Егъэджакlуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм и лауреат. Апхуэдэщ 2021 гъэм зи цIэр фIыкIэ иралуа, Май къалэм дэт курыт школ №2-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къущхьэ Каринэрэ мыгъэрей зэпеуэм мызэ-мытIэу къыхэжаныкIа, Налшык и лицей №2-м физикэмрэ астрономиемрэ щезыгъэдж Къэшэж Аслъэнрэ. Ар яхэхуащ Урысей Федерацэм нэхъыфIу къыщалъыта егъэджакlуэ 15-м, УФ-м и Президент Путин Владимир зыхуэза егъэджакlуэ нэхъыфIитхуми ящыщащ.

- Дэ дыхуейщ зи цIэ къисIуа егъэджакlуэхэм хуэдэ куэд ди щIыналъэм къихъуэну. Абы папщIэ а IэщIагъэр уи гумрэ уи псэмрэ хэлъу, ббгъэдэлъ зэфIэкIыр егъэфIэкIуэным уелIалIэу, зэманым къигъэув мардэхэм уапэхъуу ущытын хуейщ. Дауи, а псоми IэмалыфIхэр къыхузэгъэпэщыпхъэщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Федеральнэ, щIыналъэпсо программэхэм, лъэпкъ проектхэм къриубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щофIакlуэ егъэджэныгъэ IэнатIэр, нэхъ лъагэ мэхъу щIэныгъэу ныбжьыщIэхэм иратым и фIагъыр, нэхъри зопэщ школхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр. БлэкIа илъэсищым къриубыдэу республикэм щаухуащ ныбжьыщIэ 3335-рэ зэкIуалIэ школыщIэу 6, 2025 гъэм нэс абыхэм иджыри къахэхъуэнущ школыщIэу 18. Мы зэманым яухуэ школи 10, къэкIуэну илъэситIым къриубыдэу зыхуей хуагъэзэжынущ, зыхуэныкъуэ техникэкIи къызэрагъэпэщынущ еджапIэ 50. Егъэджэныгъэ IэнатIэм мы зэманым гулъытэшхуэ зыщыхуащIхэм ящыщщ «КъэкIуэну лъэхъэнэм и егъэджакlуэ» проектыр. Ар зыхуэгъэпсар IэнатIэм пэрыт лэжьакIуэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ нэхъри хагъэхъуэнырщ.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм жылагъуэм щаIэ увыпIэр хэхауэ зэрыщытыр къигъэлъагъуэу, УФ-м и Президент Путин Владимир 2023 гъэр триухуащ ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу. Абы къриубыдэу Урысей Федерацэм щекIуэкIынущ щIыналъэпсо, федеральнэпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд. Мы зэманми ди республикэм щокIуэкI егъэджэныгъэм пэрытхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу, къэралпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я федеральнэ, щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр зыгъэхьэзыр егъэджакIуэхэр саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэлъапIэ, къуажэхэм щылажьэ IэщIагъэлIхэм щхьэщах коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэкIуэ уасэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулIэныгъэ пылъу щолажьэ «Къуажэ егъэджакIуэ» къэрал программэр. Абы и фIыгъэкIэ жылэ пхыдзахэм дэт школхэр зыхуэныкъуэ егъэджакIуэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. А программэм ипкъ иткIэ блэкIа илъэси 3-м къриубыдэу егъэджакIуэ 21-м яIэрыхьащ сом мелуан зырыз хъу грантыр.

Егъэджакlуэ ныбжьыщIэхэм методикэ дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэунэтIауэ мэлажьэ «IэнатIэм пэрыувагъащIэ егъэджакIуэм и школ» программэри.

Нэгъабэ хуэдэу, мы гъэми шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу республикэм и егъэджакlуэхэм я улахуэм процентi 10-кIэ хагъэхъуащ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, мы зэманым йолэжь IэнатIэм пэрытхэм улахуэ зэретыпхъэм хуэщIа хабзэщIэм. Абы ипкъ иткIэ егъэджакIуэм нэхъ мащIэ дыдэу къихьыпхъэ улахуэр процент 40-кIэ хагъэхъуэнурэ сом 12500-м нагъэсынущ. КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэхэм мазэ къэс иратынущ нэгъуэщI ахъшэхэри.

- Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къыдитынущ илъэсым и иужьрей мазищым ди егъэджакIуэхэм я улахуэр къэтIэтыну, ику иту ар хъунущ мин 31-рэ, - къыхигъэщащ щIыналъэм и Iэтащхьэм. - 2021 гъэм республикэ бюджетым къыхэкIыу егъэджэныгъэ IэнатIэм меларди 3,7-рэ хухэтхауэ щытамэ, мы гъэм ар меларди 4,5-м нос, 2023 гъэм абы хуэдутIыпщынущ сом меларди 5-м щIигъу.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэ IэнатIэм щыпэрытхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 35-м нэмысахэм я бжыгъэр 1152-рэ мэхъу (процент 16), илъэс нэхърэ нэхъ мащIэу а IэщIагъэм иролажьэ цIыху 493-рэ (проценти 7). ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэм КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм зи щIалэгъуэ куэд яхыхьэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр, апхуэдэуи а зи щIалэгъуэхэм унэтIакIуэ тэмэм яIэнми гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэри жиIащ.

- Си гуапэ хъуащ псоми дифI зыхэлъ псалъэмакъ купщIафIэ икIи хьэлэмэт ди зэIущIэм зэрыщекIуэкIар. ФIыщIэ ин фхузощI республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэр езыгъэфIэкIуэну, совет зэманым щыIа Iуэху зехьэкIэм хэлъа мардэ нэхъыфIхэр зи тегъэщIапIэ жэрдэмыщIэхэмрэ еплъыкIэщIэхэмрэ фи куэду лэжьыгъэм фызэрыпэрытым папщIэ, - жиIащ зэхуэсым и кIэухыу КIуэкIуэ Казбек. - Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фэри а IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми щыпэрыт псоми. Нэхъ лэжьыгъэ хьэлэл щыIэкъым сабийхэр бгъэсэн, щIэныгъэ ябгъэдэплъхьэн нэхърэ. Зи цIэр фIыкIэ Iуа, ехъулIэныгъэфIхэр лэжьыгъэм щызэзыгъэгъуэтахэм дяпэкIи дазэрыIущIэнум шэч къытесхьэркъым.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



# ЗэбгъэтIылъэкI мыхъунухэр

● КъБР-м и Правительствэм

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэху зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ.**

ИДЖЫРЕЙ технологиехэм елэжьхэм республикэм и къэрал мылъкум хыхьэ IуэхущIапIэхэр бэджэнду къыщащтэкIэ ятыну уасэм теухуа проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн**. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, унэ е пэш бэджэнду къэзыщтэхэм ятынущ къекIуэкI уасэм и процент 50.

Унагъуэ зыухуагъащIэхэм «ПсэупIэ зэзыгъэпэщхэм ядэIэпыкъун» программэм хэту унэ къыщащэхукIэ муниципалитетхэр къазэрыдэIэпыкъум республикэ бюджетым щыщ ахъши хухалъхьэнущ. Ар гъэзэщIа хъунущ «КъБР-м и цIыхухэр псэупIэрэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэкIэ къызэгъэпэщын» къэрал программэу 2022 гъэм тещIыхьам хэту. Программэм къриубыдэу зыдэIэпыкъунухэм хагъэхьэжащ Солдатскэ, Къэщкъэтау къуажэхэм, Тырныауз къалэм дэс унагъуэщIэ щхьэхуэхэр.

«Псы къабзэ» проектым тету КъБР-м псы кIэнауэхэр 2023 - 2024 гъэхэм щыухуэным тещIыхьауэ ягъэбелджыла мылъкур 2022 гъэм къагъэсэбэпынущ. Республикэм цIыхухэр нэхъ пасэу псы къабзэкIэ къызэгъэпэща щыхъунущ абы и фIыгъэкIэ. Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**. ЗэхъуэкIыныгъэхэм тету республикэр псыкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуани 130-рэ мин 481-рэ текIуэдэнущ. Абы щыщу федеральнэ мылъкум къыхэкIынущ сом мелуани 128-рэ 766-рэ, республикэм ейуэ - сом мин 653-рэ, щIыналъэм и мылъкуу сом зы мелуанрэ мин 71-рэ къагъэсэбэпынущ. АхъшэмкIэ яухуэнущ псым епха IуэхущIапIэ 13.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэIущIэм къыщыпсэлъащ республикэм къыщащта «КъБР-м узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьын» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэм теухуауэ. Абы пыухыкIауэ зи гугъу ищIар фошыгъу уз зыпкърыт сабийхэм я лъым хэт глюкозэр къызэрапщ медицинэ Iэмэпсымэу сом мелуани 10 и уасэ къызэращэхунурщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** игъэбелджылащ республикэм и къэрал еджапIэхэм щылажьэхэм я улахуэр зэрырат щIыкIэм игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэр. ЕгъэджакIуэхэм я улахуэр къаIэрыхьэнущ тхьэмахуэм хуэзэ сыхьэт 18-м тещIыхьауэ. ЛэжьапщIэм теухуауэ щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэм текIуэдэнущ республикэм и мылъкум щыщу сом мелуан 231-рэ.

ЗауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ республикэр зэрадэIэпыкъунум и IуэхукIэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**. КъБР-м и Правительствэм иубзыхуащ Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм хэтхэм зэрадэIэпыкъуну щIыкIэр. Мазэ къэс сом мин 25-рэ иратынущ абы щыIэм. ЗауэлIыр уIэгъэ хъумэ, сом мини 100, уIэгъэ хьэлъэ хъумэ - сом мин 300, хэкIуадэмэ, и унагъуэм сом мелуан иратынущ.

ЗэIущIэм къыщащтащ псэуным теухуауэ гугъу ехь унагъуэхэм зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэр щыгъэбелджыла проектищи.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***
***Япэ гуп.***
***ЕпщыкIутIанэ джэгугъуэ***
**«Спартак-Налшык»**
**- «ЕсэнтIыгу»**
***Налшык. «Спартак» стадион.***
***Жэпуэгъуэм и 8.***
***Сыхьэт 15-м.***

**Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу**



# Дэтхэнэми пщIэ хуищIырт

**Мэкъумэш IэнатIэм пэрыту зи гъащIэ псор зыхьа Жамборэ МуIэед и гугъу щащIкIэ къэхъундэс куэдым я гур къызэфIонэ икIи абы теухуа псалъэмакъыр сыт щыгъуи: «Дыхуэарэзыщ, Ахърэт нэху Алыхьым кърит - насып ди къуажэм къыхуихьат», жаIэу яух.**

МУIЭЕД къуажэ советым и унафэщIу, «Къэхъун» совхозым и парткомым и секретару, иужькIэ директору илъэс куэдкIэ лэжьащ. Зы жылагъуи щыIэу къыщIэкIынукъым зи тхьэмадэу щытахэр абы хуэдэу гуапэу ягу къагъэкIыжу ущрихьэлIэн. ИкIи ар абы и дуней тетыкIэ дахэмкIэ къилэжьащ.

Жамборэм сыт щыгъуи лэжьакIуэ цIыхум пщIэ хуищIырт, емызэшыжт, псэ хьэлэлт, псом ящхьэрати - губзыгъэт икIи набдзэгубдзаплъэт. А псори унафэщIым щыхэлъкIэ, хозяйствэм ехъулIэныгъэ иIэн хуейт икIи абы къэхъундэсхэр куэдрэ пэплъакъым. Лениныр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу 1970 гъэм екIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм «Къэхъун» IэщIагъашхэ совхозым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Илъэс дэкIри, Урысей Федерацэм пашэныгъэр щиубыдащ. 1973 гъэм аргуэру ехъулIэныгъэ къэхъундэсхэм яIащ, урысейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщахьри. Абыхэм къапэкIуэу Жамборэ МуIэед Октябрь революцэ, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденхэр къыхуагъэфэщащ икIи «Къэхъун» совхозым РСФСР-м и Министрхэм я Советымрэ Профсоюзхэм я ЦК-мрэ я Бэракъ плъыжь зэIэпахыр 1972, 1973 гъэхэм кърататщ.

АбыкIэ къызэтеувыIакъым Жамборэр зи унафэщI хозяйствэр. 1974 гъэм иIа ехъулIэныгъэфIхэм Iэмал къитащ къэхъундэсхэр союзпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэу КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я ЦК-м я Бэракъ плъыжь зэIэпахыр зыIэрагъэхьэну. Ебгъуанэ илъэситхум къырикIуахэр къапщытэжа нэужь, «Къэхъун» совхозым къэралым и фэеплъ дамыгъэрэ Бэракъ плъыжь зэIэпахрэ кърати, СССР-м и ВДНХ-м и Союзпсо ЩIыхь пхъэбгъум иратхащ.

А лъэхъэнэм хиубыдащ Къэхъуным и зэIузэпэщыныгъэри. ЕфIэкIуащ къуажэдэсхэм я псэукIэр, яхуащ Щэнхабзэм и унэ абрагъуэ, щыуэ зэтет школ, нэгъуэщI куэди.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, къэрал псом щыцIэрыIуэ Аргуданым къуажэм щызэхэт колхозым и унафэщIыр дунейм щехыжам, Жамборэ МуIэед а къулыкъур къыхуагъэфэщащ. Хуейтэкъым ар щалъхуа, апхуэдиз къарурэ зэманрэ зытригъэкIуэда жылагъуэр къигъанэу нэгъуэщI щIыпIэ лэжьакIуэ кIуэну, ауэ унафэр унафэт. ИкIи 1977 гъэм Жамборэр Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадэу хахащ. Абыи и зэфIэкI лъагэр къыщигъэлъэгъуащ икIи Социалистическэ Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт зэфIигъэувa хозяйствэм и щIыхьыр адэкIи игъэкIуэтащ.

ГуIэгъуэт 1982 гъэм и накъыгъэ мазэр. ЗэщIэгъуагэр Къэхъунымрэ Аргуданымрэ я закъуэтэкъым - щыгъуэт Аруан районыр зэрыщыту, Къэбэрдей-Балъкъэрыр. ЯIэщIэкIат абыхэм Жамборэ МуIэедкIэ зэджэ лIы ахъырзэманыр, насып къахузыдэкIуар.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 8,**
*щэбэт*

✦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**
✦**Нэхэм я дунейпсо махуэщ**
✦**УФ-м щагъэлъапIэ кхъухьхэм - псым тетхэми, псы щIагъым щIэтхэми, уэгум итхэми - я командирхэм я махуэр**
✦**1860 гъэм** Бахъсэн цIыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.
✦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ЗекIуэхъу Увжыкъуэ**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Умар Анатолэ**.
✦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Къагъырмэс Црай**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 9,**
*тхьэмахуэ*

✦**Пощтым и дунейпсо махуэщ**
✦**1909 гъэм** къалъхуащ убых тхакIуэ, журналист **Щхьэплъы Зубейдэ**.
✦**1955 гъэм** къалъхуащ ухуакIуэ, хьэрычэтыщIэ, «ААА» фирмэм и унафэщI **Къурашэ Валерэ**.
✦**1966 гъэм** къалъхуащ актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 -16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 10,**
*блыщхьэ*

✦**Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
✦**Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
✦**ЦIыхум и судыр укIкIэ ящIэу мыдэным и европэпсо махуэщ**
✦**1910 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан**.
✦**1925 гъэм** къалъхуащ франджы балеринэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа **Черинэ (Щамырзэ) Людмилэ**.
✦**1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан**.
✦**1930 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф**.
✦**1939 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел**.
✦**1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий**.
✦**1941 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд**.
✦**1942 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий**.
✦**1942 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахъмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
**Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу.**

**Къулыкъу**

# Министрым и къуэдзэ Бахъуэ Аслъэн



**КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий къулыкъущIэ гупым яригъэцIыхуащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министрым и къуэдзэщIэр - полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн, Урысей МВД-м и унафэкIэ а къулыкъум ягъэувар.**

МИНИСТРЫР Бахъуэ Аслъэн ехъуэхъуащ къулыкъу лъагэр дзыхь къызэрыхуащIамкIэ, и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щиIэну зэригуапэр жиIащ.

- Си фIэщ мэхъу унафэщI къулыкъум хуэфэщэн хьэл-щэн, жэуаплыныгъэ зэрыпхэлъыр, IэщIагъэм узэрыхуэIэижыр, а псори къызэрыпхуэщхьэпэнур къыппэщылъ къалэнхэр зэфIэпхынымкIэ, - къыхигъэщащ Павлов Василий.

**УАРДЭ Жантинэ.**

**КъБР-м и прокуратурэм**

## Бзылъхугъэр фэбжьым ихьащ

**Бахъсэн къалэм и прокурорым и къуэдзэ Мокаев Рослан щIигъэбыдащ цIыху зыхэкIуэда гъуэгу-транспорт зэхьэзэхуэр зи зэранкIэ къэхъуа Л. ехьэлIауэ къаIэта уголовнэ Iуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 264-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.**

СЛЕДСТВИЕМ къызэритымкIэ, ягъэкъуаншэр рулым дэсу жьэхэуащ цIыхубзым зэригъакIуэ машинэм. Иужьрейр игъуэта фэбжьхэм къелакъым.

Уголовнэ Iуэхур Бахъсэн район судым ирагъэхьащ хэплъэну.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэситхукIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

## Илъэс 13 тралъхьэ

**Налшык къалэм и суд щащIащ Дзэлыкъуэ районым щыпсэу, цIыху зыукIа щIалэм.**

РЕСПУБЛИКЭ прокуратурэм и уголовнэ-суд къудамэм и прокурор Башиевэ Зульфие диIыгъащ Э. теухуа уголовнэ Iуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «з» п.-м, УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «в» п.-м къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ.

Следствием къызэритымкIэ, 2021 гъэм и дыгъэгъазэм Э. Малкэ къуажэм щыIэу, хабзэншагъэкIэ дыхьащ И. и лъапсэм икIи цIыхубзым теуащ ахъшэ къытрихыну. Ар бзылъхугъэм и щхьэм зыбжанэрэ уадэкIэ еуащ. ИукIа нэужь, ягъэкъуаншэм зыIэщIилъхьащ сом мин 28-рэ.

Судым Э. къуаншэу къилъытащ икIи илъэс 13 трилъхьащ тутнакъэщ ткIийм исыну.

## Спирт ищэрт

**Лэскэн районым и прокурорым и къуэдзэ Бэрэгъун Альберт щIигъэбыдащ хабзэншагъэкIэ этил спирт щэным пыщIа Л. теухуауэ къаIэта уголовнэ Iуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 171-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.**

СЛЕДСТВИЕМ къызэригъэлъагъуэмкIэ, 2022 гъэм и мэлыжьыхьым Л. лицензэ имыIэу къишащ этил спирт. Ар щихъумащ Анзорей къуажэм щиIэ и лъапсэм.

Уголовнэ Iуэхум хэплъэну ирагъэхьащ Аруан район судым. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьам илъэси 3 къыпоплъэ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Лъэпкъ Iей щыIэкъым

Iуэху еплъыкIэ

**Совет Союзыр зэрыкъутэжрэ илъэсым щынэблэгъа 1992 гъэм, бжьыхьэм, IуэхукIэ сэ сыкIуэн хуей хъуат Украинэм, нобэ ди нэгу щIэкI гузэвэгъуэхэр щынэхъ куу щIыналъэм. Ар мы къэралыгъуэщIэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм хиубыдэ Ровно къалэрт. Абы дынэсын ипэ къихуэу дэ зыщытIэжьэн хуей хъуащ гъунэгъу Беларусым, Столин жылагъуэм. Къэралыгъуэшхуэм хэтауэ щхьэхуэ зызыщIахэм я цIыхум ядэслъэгъуахэмкIэ сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм сывдэгуэшэну. Си гугъэщ ар гъэщIэгъуэн фщыхъуну.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, цIыху Iей щыIэкъым, щыIэр дунейм къытехьа сабийм гъэсэныгъэ мыхъумыщIэ бгъэдэзылъхьэхэмрэ абы къыхэкIыуи гъуэгу пхэнж тезыгъэувэхэмрэщ. Хэт игугъэнт, Хэку зауэшхуэм, мелуан 27-м зи псэр щызытахэм, бжыгъэншэу ныкъуэдыкъуэ ищIахэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къыхэкIауэ, зэкъуэту, лIыхъужьу зэуахэм я бынхэмрэ абы я быныжхэмрэ нобэ IэщэкIэ зэпэщIэувэу лъы ягъэжэну?

Дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ СССР къэралышхуэр тIэщIэкIри, бийм и фащэмрэ щэнымрэ зыфIэкъабылхэмрэ щхьэхуэфI гупсысэкIэ зиIэхэмрэ 90 гъэхэм, зэрытщIэжщи, я бжыгъэр куэдыкIей хъуат. «Щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ» жыхуиIэм хуэдэу зэбгрылъэлъа республикэхэм я нэхъыбапIэм зи лъэпкъым епцIыжу ныбэизыгъэр ищхьэу къэзылъытахэр, дыгъуэгъуакIуэхэр щытепщэ хъуат.

Дауэ иджы зэрыбгъэщIэгъуэнур фашист гупсысэм техьахэр куэд зэрыхъуар, лъыгъажэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ зэрыхуэкIуар. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, цIыху щыпкъэхэр, зи Хэкум емыпцIыжа нэхъыжьыфIхэмрэ абыхэм къащIэхъуа щIэблэ телъыджэмрэ, гъащIэм къызэригъэлъэгъуащи, куэдыкIейщ.

Апхуэдэ цIыху зэмылIэужьыгъуэхэу Беларусымрэ нэхъыбэу дыздэщыIа Украинэм и къухьэпIэ щIыналъэмрэ щыслъэгъуамрэт зи гугъу фхуэсщIыну гукъэкIыжыр зытеухуар.

Столин къалэ фэтэр къыщыслъыхъуэрт. СызэупщI цIыхухэр гуапэт, къызэрыгуэкIт, куэд щIауэ сыкъацIыху фIэкIа умыщIэну. ГъэщIэгъуэнрати, машинэ лъэпIей иси зэщыхуэпыкIаи, зэфIэнэ-зэзауи мыбы щыслъэгъуакъым. Апхуэдэу щIыщытыр иужькIэ къызгуригъэIуащ сыщыпсэуа пэшыр зей унэгуащэм. Ар сабийуэ зауэр зи нэгу щIэкIа, зи адэр абы хэкIуэдахэм ящыщт. Егъэлеяуэ цIыху гуапэт икIи щэныфIэт.

ТхьэмахуэкIэ Столин сыдэсауэ сыщежьэжынум, сэ абы сеупщIащ: «Дапщэ ахъшэу уэстын хуейр?» - жысIэри. Нобэр къыздэсым сщыгъупщэжкъым а Беларусым щыщ унэгуащэм жиIар: «Сом фIэкIа цIыхугъэ щымыIэжу ара? Сэ укъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым теухуауэ сымыщIэ хъыбар, тхыдэ гъэщIэгъуэн куэд себгъэдэIуащ, къэзбгъэщIащ. Абы нэхъ уасэ сэ сыхуей?»

Сигу къинэжащ а къалэм дэсхэр щIэгуапэм, цIыху къызэрыгуэкIыу щIыщытым лъабжьэ хуэхъуар. Унэгуащэм зэрыжиIэжамкIэ, мыбы щекIуэкIа зауэ лъыгъажэмрэ гъеймрэщ.

АдэкIэ сыхуейт сыкъытеувыIэну тхыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэгъэпса Украинэм щыслъэгъуам.

Ровно - областым и щыхьэр къалэщ. Урысейм къызэрыхыхьэрэ илъэс щитIрэ ныкъуэм нэблэгъащ. 1921 гъэм Рижскэ зэIурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ мы щIыналъэр Польшэм хыхьауэ щытыгъащ.

1939 гъэм щыщIэдзауэ Украинэм и область центру 1991 гъэ пщIондэ къекIуэкIащ.

Мыбы бжыгъэкIэ щынэхъыбэт урысхэр, журтхэр, украинхэр, беларусхэр, мымащIэу щыпсэурт Польшэм, Венгрием, Румынием щыщхэри.

Дэнэ щIыналъи хуэдэу, тыншу икIи хьэрэмагъ я зэхуаку дэмылъу, лъэпкъ зэхэгъэж щымыIэу мамыру мыбы щыпсэурт цIыху къызэрыгуэкIхэр. КIэщIу жыпIэмэ - дахэу, цIыхугъэр япэ ирагъэщу. Ауэ, СССР-у щыта къэралыгъуэшхуэм и дэнэ щIыпIи хуэдэу, дыгъуасэ зэкъуэшу, зэныбжьэгъуу, зэгъунэгъуфIу щытахэм я нэхъыбапIэр хуэм-хуэмурэ бийм и псалъэм зэгурымыIуэж, зэныкъуэкъу, зэхуэхамэ ищIащ.

«Нобэми пщэдейми зызыщIэфкъуи фи Урысейм вгъэзэж, къызэрыджаIэнум шэч къытесхьэркъым». Ар зи псалъэр мыбы къыщалъхуа, къыщыхъуа, пенсэм кIуэху школым сабийхэр урысыбзэм щыхуезыгъэджа, фэтэр къыдэзыта унэгуащэрт. А нэхъыжь Iущым и нэкIэ илъэгъуа хуэдэт нобэ ди нэгу щIэкIыр. Тхьэгурымагъуэ жыхуэпIэн хуэдизт.

Ровно къалэм и уэрамхэм иджыри куэд мыхъуми сащыхуэзат урысыбзэкIэ сызэупщIар убжьытхэу къыщызжьэхэлъаи, къызэбгаи, нэгъуэщI псалъэ фIейхэр къызэжьэдэкIаи. Ауэ, дапхуэдэу щытами, хэт игугъэнт Iей зигу илъхэр бжыгъэкIэ мащIэми, куэд дэмыкIыу Украинэм и къухьэпIэ щIыналъэм тепщэ щыхъуну, цIыхубэр зауэ лъыгъажэм хуашэну.

МафIэгум сису сыкъыщыкIуэжым гъусэ къысхуэхъуа, лъэпкъкIэ украин, дзэ офицер щIалэм си нэгу щIэкIахэр щыхуэсIуатэм, дыхьэшхри жиIэгъат: «Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ зэпт мыхъунщ ар: цIыхухэри сабырыжынщ, ипэхэми хуэдэу, псори зэфI хъужынщ, лъэпкъ, республикэ зэбгырыжахэри зэкъуэувэжынщ. Абы нэхърэ нэхъыфIщ шэджагъуашхэ къыздэщIи».

Ерыскъы берычэт Iэнэм къытрилъхьэу, нэщхъыфIэу, гушыIэу, хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къызжезыIэжа украин щIалэ бжьыфIэм и фIыщIэкIэ гъуэгуанэри нэхъ тынш сщыхъуат, зэманри псынщIэу блэкIат.

«Iей мыхъу фIы хъужкъым»,- жаIэ. Шэч хэлъкъым, пцIым лъакъуэ зэрыщIэмытым, пэжым бжьыпэр иубыдыжу мамырыгъэмрэ цIыхугъэмрэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэкъуагъэувэжынум. Ар уи фIэщ зыщI цIыху хьэлэмэтхэм, акъылыфIэхэм я бжыгъэр зэрыкуэдым гушхуэныгъэ къуимыту къанэркъым.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

# Бзэхэр къызэрыунэхуар




**Дунейм лъэпкъыу тетым IуэрыIуатэ яIэщ. А псоми зэхуэдэу хэтыжщ лъэпкъыу щыIэр зэгуэр зы бзэкIэ псалъэу, зы лъэпкъыу щытауэ, Iуэхугъуэ гуэрым и зэранкIэ зэкъуэча хъуауэ. А Iуэхугъуэри - псыдзэщ е Бабылей (Вавилон) чэщанэм и ухуэныгъэрщ.**

НОБЭР къыздэсым щIэныгъэлIхэмрэ бзэм и лэжьакIуэхэмрэ зоныкъуэкъу бзэр къызэрыунэхуа щIыкIэм теухуауэ, икIи зэдэарэзыуэ къызэдащтауэ зы Iуэху еплъыкIэ щыIэкъым. 1866 гъэм, «Псэущхьэхэр къызэрыунэхуа» лэжьыгъэр Дарвин Чарльз итха нэужь, БзэмкIэ Париж щыIэ зэгухьэныгъэм унафэ ищIащ бзэр къызэрыунэхуам теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр къызэтрагъэувыIэну. «ЩIэныгъэр щыхьэт зытемыхъуэ Iуэху еплъыкIэхэм псалъэмакъышхуэхэмрэ зэгурымыIуэныгъэрэ къешэ», - щыжаIат а зэгухьэныгъэми, бзэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр дуней псом къыщызэтрагъэувыIащ. Щыпащэжари 1965 гъэращ!

«ЦIыхубзэр зэрыщыIэххэмрэ ар къызэрыунэхуамрэ я щэхур зэи зыми къыхуэмытIэщIыну лэжьыгъэ гугъущ. ГъэщIэгъуэнщ ар... Сабийр илъэсиплI щрикъум ирихьэлIэу хуиту мэпсалъэ, и щхьэм илъыр къеIуэтэф. А ныбжьым ирихьэлIэу мыпсэлъамэ - сымаджэу къалъытэ. ЦIыхум къищынэмыщIауи, адрей псэущхьэхэм бзэ яIурылъкъым. ДауэтIэ ар къызэрыунэхуар? Дапщэщ зыщигуэшар? Сыт хуэдэ ныбжьым иту япэ дыдэ псэлъа цIыхур? ИлъэсиплI хъуа сабийр Iэмал имыIэу псэлъэн хуейуэ щхьэ ягъэува? А псоми я жэуап щыдмыщIэкIэ, бзэм дытепсэлъыхьу, пэжыпIэр къэтхутэну къыщIытхуамыдэр сыт?», - итхыжащ бзэр къызэрыхъуам теухуауэ тхыгъэ бжыгъэншэхэр къыдэзыгъэкIа Премак Д.

Бзэм зэрызигуэшамкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу цIыхум иIэр IуэрыIуатэрщ. Псори щыгъуазэщ Бабылей чэщанэм и хъыбарым. Абы къызэриIуэтэжымкIэ, цIыху лъэпкъыр бгъуэнщIагъхэм къыщIэкIыу зыщиужьа, ухуэныгъэ лъагэхэр игъэуву зыщригъэса лъэхъэнэм пагэ хъуат, уафэм нэсу зиIэтыну хъуэпсат. ЦIыхухэм заригъэщIэжын папщIэ, Тхьэм абыхэм зэгурымыIуэныгъэ къахилъхьащ, я бзэр зэхигъэзэрыхьри. Мы хъыбарыр зэи зэлъэмыIэса лъэпкъыу, дунейм и гъунапкъэ зэмылIэужьыгъуэхэм тепхъахэми яIэщ. Псалъэм папщIэ, Африкэм, Индием, Мексикэм, Испанием, Мьянмэ, Пасэрей Алыджым, Австралием, США-м, Америкэ Курытым щыпсэу лъэпкъыжьхэм.

Ар тхылъ лъапIэхэм зэритыр мыпхуэдэущ: «Дунейм лъэпкъыу тетыр зэрыпсалъэр зы бзэт. ГъащIэр къыщигъэщIа щIыналъэр ябгынэри, Сеннаар (Бабылейр, Аккадыр, Ащырыр) зыфIаща щIыналъэм итIысхьащ. Чырбыш куэду тщIынщ, дгъэжьэнщи, уафэм нэсу чэщанэ духуэнщ, цIэрэ щхьэрэ диIэу, зэи дымыкIуэдыжу дыпсэунщ, жаIащ. Тхьэр къеплъыхри, цIыхухэм я хъуэпсапIэм къыщыхэплъэм, ахэр пагэ зэрыхъуам, тхьэм и псэупIэм лъэIэсыну пабгъэу къыщилъагъум, игу къебгъэри, цIыхухэм яIурылъ зы бзэр зэхитхъуащ, зэгурымыIуэ къахилъхьащ. Абдежым щагъэтащ абыхэм чэщанэр яухуэн. ЗэгурымыIуэ щыхъум, щхьэж и плъапIэ и кIуапIэу цIыху цIыкIум щIылъэм зытриубгъуащ. ЦIыху лъэпкъыр щызэкъуэча щIыналъэми БабылейкIэ еджэ хъуащ абдеж щыщIэдзауэ».

Дунейпсо псыдзэшхуэр Тхьэм и нэлату цIыхухэм къахиутIыпщхьэу лъэпкъыр зэригъэкIуэдыжам и хъыбарыр яIуэтэж Америкэ Ищхъэрэм щыпсэухэм. Абыхэми зэрыжаIэмкIэ, Псыдзэшхуэм ипэ къихуэу дунейм тетар зы лъэпкъщ, зы щIыналъэ щыпсэууэ, зы бзэ яIурылъу.

Иджы щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ дыкъеплъынщ мы Iуэхугъуэми, зэи зэлъэмыIэса лъэпкъ зэпэжыжьэхэм зы хъыбар къыщIрахьэкIым и щхьэусыгъуэр къэтлъыхъуэнщ.

Псом япэрауэ, сыт бзэр зищIысыр? Щхьэ адрей псэущхьэхэм ямыIэрэ бзэ? Хьэмэрэ яIэ? Дауэ ар къызэрыунэхуар? Дапщэщ?

Эволюцэм и телъхьэхэм зэрыжаIэмкIэ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 10000 гъэхэм ирихьэлIэу цIыхум дунейм зытриубгъуауэ, куэдмимащIэми, бзэ гуэр Iурылъу щытащ. Эволюцэр зи фIэщ мыхъу щIэныгъэлIхэм жаIэ япэу дунейм къытехьа псалъэхэмрэ бзэмрэ къыпхуэмыхутэну, ар бджыным мыхьэнэи имыIэххэу.

Языныкъуэ щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, бзэр зэрымыщIэкIэ къэунэхуащ, цIыхум щIыуэпсым щызэхих макъхэр тегъэщIапIэ ищIу и щхьэм илъыр къриIуэтэн папщIэ. Мы еплъыкIэм и телъхьэщ «ЩIы Уэ Псы Бзэ» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Токъмакъ Айдынрэ «Адыгэбзэ - макъыбзэ» тхылъыр зытха Бер Хьикмэтрэ. «ЦIыхум и щхьэм илъыр къиIуэтэн папщIэ тэрмэшыр къигупсысащ псом япэ. Ауэ а тэрмэшыр зэрымащIэр къыгурыIуэщ, гурымын щигъэтри, щIыуэпсым щызэхих макъхэр къигъэсэбэпурэ, языныкъуэ Iуэхугъуэхэм цIэ фIищащ, щыIэцIэхэр къигупсысащ. Псалъэм папщIэ, хы. Псыр щыхъейкIэ, узэщIэдэIукIмэ, макъ ещI «хххыыы» жиIэу. Ар щыIэцIэу псышхуэм фIищащ. Уэшх... Ш-ш-ш жиIэу, уэм къех жыхуиIэу. Аращ уэсри. Бжэн къиукIам «лъ-лъ-лъ» жиIэу щIэж плъыжьыгъэм «лъы» фIищащ. Ауэ, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, япэ дыдэу къигупсыса псалъэр «хьэ» жыхуиIэращ. Пасэрейм «хьэ» жиIэмэ, «цIыху» кърегъэкIыу арат, къижыхьауэ, ешауэ етIысэха нэужь «хьэ-хьэ-хьэ» жиIэу, хьэлъэу зэрыбауэм щхьэкIэ. Хьэ псэущхьэм хьэ щIыфIищари аращ - абы и бзэгур къидзауэ, бауэкIэщIу «хьэ-хьэ-хьэ» жиIэти. Адыгэбзэм псалъэ куэд дыдэ хэтщ «хьэ»-кIэ къригъажьэу. ЩIэныгъэм къызэрихутамкIэ, адыгэ-абазэбзэхэр нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Зэрымакъыбзэр къапщтэмэ, ар япэ дыдэ цIыхум къыIурыхьа бзэуэ зэрыщытым шэч къытесхьэркъым, си щхьэкIэ», - жеIэ Токъмакъым.

Пэжу, биолог гуэрхэр арэзы тохъуэ цIыхур къэзыухъуреихь, зыхэпсэукI щIыуэпсым щызэхих, псэущхьэхэм къагъэIу макъхэм щIэдэIукIыурэ, езым и бзэр зэриухуам, цIыхум и акъылым зиужьыху, псалъэхэри нэхъыбэ зэрыхъуам. Зоологхэм зэрыжаIэмкIэ, псэущхьэхэм къагъэIу макъхэмрэ зэрызащIымрэ хуитыжкъым, зашыIэфыркъым. Псалъэм папщIэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыувыIэжыфу. Абы хуэдэу, цIыхур щыдыхьэшхкIэ е щыгъкIэ, захуэмышыIэу, зызэтрамыубыдэфу къахуохуэ. Нэхъ зыхуитыр и псалъэрщ. Абы къыхэкIыу, псэущхьэхэм къагъэIу макъхэр макъ къудейуэ аращ, зэрышынэр, зэрыгубжьыр, зэрыгуфIэр кърагIуатэу, армыхъумэ зэрызэгурыIуэ бзэкъым. Ауэ щыхъукIэ, бзэ зыIурылъыр цIыхум и закъуэщ.

Бзэм и лэжьакIуэ, хаттолог цIэрыIуэ ПхытIыкI Хьэутий жеIэ:

- Бзэр тегъэщIапIэ сщIауэ тхыдэр соджри, илъэс мини 7,5-кIэ соIэбыхыф. Абы адэкIэ зыри къысхуэтIэщIакъым. ЗэрыхуэзгъэфащэмкIи, а лъэхъэнэм ирихьэлIэу насыпыншагъэ гуэр къэхъури, цIыхум бзэ зэрыIулъам и зы щыхьэт къимыгъанэу, игъэкIуэдащ. Ар е псыдзэшхуэщ, е щIыхъей шынагъуэщ, е къэбэкъауэ телъыджэщ. ГъущIынэтхым нэхъыжь дэфтэр диIэкъым бзэр иридджыну. Абы укъипсэлъыкIрэ илъэс мини 4,5-кIэ узэIэбэкIыжмэ, цIыхум псалъэ мини 2 нэхъыбэ Iурымылъауэ къэсхутащ. ГъущIынэтхым сыщеджэкIэ къыхощ ар. Бзэ Iурылъыр къриIуэтэну тхыбзэ хуримыкъуауэ е нэхъыбэ Iурымылъауэ аращ. ЦIыхур бгы гъуанэм къикIыу къалэ иухуэн щыщIидзаращ цивилизацэм и пэщIэдзэу къалъытэр. Ар къапщтэмэ, хьэтхэм нэхърэ нэхъыжь лъэпкъ, цивилизацэ щыIакъым. Япэу къалэ зухуари, гъущIхэкIхэм ирилэжьэн щIэзыдзари, Iэмэпсымэхэмрэ цIыхур зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ къэзыгупсысари, Бабылейр зыухуари хьэтхэрщ. СызэригугъэмкIэ, а лъэпкъырщ дунейм зытриубгъуэу мыдрей лъэпкъ псори къызытехъукIыжар, бзэ псори къызытепщIыкIыжар. Лъэпкъыу дунейм тетым зы IуэрыIуатэщ я лъабжьэр, я бзэми зэщхьу псалъэ гуп хэтщ. А псалъэ гупыр цIыхухэм зы бзэ яIурылъу щыщыта лъэхъэнэм къыщежьахэрщ. Щыхьэт нэхъыби ухуейкъым. ЗэхэIэпхъукIа нэужь, зэрызэлъэмыIэсым къыхэкIыу, я бзэри зэхуэмыдэ хъуауэ аращ.

НобэкIэ дунейм тетщ бзэ мини 7 зезыхьэ цIыху меларди 7,6-рэ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, илъэс мини 2 - 4 къэс бзэм зехъуэж, «зэгъэкъабзэ», ауэ пасэрейхэмрэ нобэрейхэмрэ зэхуэдэу къагурыIуэ гуэрхэри къыхонэ. Рединг университетым бзэм ирилажьэ и щIэныгъэлIхэмрэ биологхэмрэ зэдрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, зимыхъуэжу бзэм къыхонэ цIэпапщIэр, бжыгъэцIэр, наречиер. Апхуэдэу, илъэс мин бжыгъэ ипэкIэ пасэрей евроазиат бзэхэм зэхуэдэу къахэнат нобэми къэса «сэ», «дэ», «уэ», «лIы», «анэ», «хьэ» «хьэуэ», «мор», «къэхь», «хэт», «мобы», «сыт», «фэ», «жьы», «Iэ», «еIэ», «къарэ», «ежэх», «банэ» (хьэр мэбанэ), «яжьэ», жыхуиIэхэр. Мы псалъэхэм илъэс мин 12 - 15 я ныбжьщ! Ахэр хэтщ нобэрей адыгэбзэм, тыркубзэм, узбекыбзэм, куржыбзэм, финыбзэм, венгрыбзэм, нэгъуэщIхэми.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа артист

***УФ-м и цIыхубэ артист, театрымрэ киномрэ я актёр ТIыхъужь Алий къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.***

***Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтыр къиухыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа иужь, Къэбэрдей драмэ театрым лэжьэн щыщIидзат. Езы Алий и мызакъуэу, адыгэ театрым дежкIэ гъащIэщIэм, лъэбакъуэщIэм и щIэдзапIэт ар. Дауи, лъэпкъ театрыр куэдкIэ нэхъ къулейсызу щытынут, а артист телъыджэр хэмытамэ. Абы игъэзэщIа роль бжыгъэншэхэм ящыщу дэтхэнэри гулъытэ зыхуэщIыпхъэщ, дэтхэнэми образ нэс къыхищIыкIащ. тIыхъужь Алий артист Iэзагъыу хэлъам щымыгъуазэ зы адыги щыIэу къыщIэкIынкъым, абы къыдэкIуэу а артистым хэлъа цIыхугъэ иным теухуауэ и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ жаIэжым гур хагъахъуэ. И актёр зэфIэкIым зыкIи емыфэгъуэкI цIыхугъэ, зэхэщIыкI, акъылыфIагъ бгъэдэлъащ.***

***ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гугъу щащIкIэ, япэу уи нэгу къыщIэувэр абы илъэс куэдкIэ щылэжьа артист телъыджэхэу ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэщ. Пэжщ, адыгэм артистыфIхэмкIэ Тхьэр къытхуэупсат, ауэ а тIум хуэдэу гуимыхужу лъэпкъ театрыр зыгъэбжьыфIар зырызщ. ТIыхъужьым и гушыIэхэр цIыхубэм къахуэнауэ нобэми кърахьэкI. Ар и теплъэкIи, хьэлкIи, псэлъэкIэкIи зэрыщыту театрым къыхуигъэщIам хуэдэт. Алий утыкум щыджэгуртэкъым, щыпсэурт, дунейм къызэрыгуэкIыу зэрытетым хуэдэу, утыкум къихьэрти, пэшым щIэсхэм зэм я гум къиишхыдыкIырт, зэм я щыуагъэхэм гу лъаригъэтэжырти, а псори гушыIэм хуигъэкIуэжу, псэкIэ гъунэгъу яхуэхъурт. ГушыIэм къаруушхуэ зэриIэм псори дыщыгъуазэщ, ауэ а гушыIэр зытхым хилъхьэ къарум хуэдитI къэзыIуатэм дыщIегъуж. Алий мэгъу къару гуэр хэлъым хуэдэу, пэшым щIэсхэм я гулъытэр зэщIишэрт. ЗыцIыхуу щытахэм зэрыжаIэмкIэ, ар гушыIэшхуэ зыхэлъ цIыхут, арагъэнт абы апхуэдизу дахэу и ролхэр щIигъэзащIэр. Насыпыр куэду егуэш, ауэ артист насыпыр сыт жыпIэмэ, ар цIыхубэм зэхащIыкIыу фIыуэ ялъагъунырщ. ТIыхъужь Алий и зэфIэкI лъагэм, артист насыпым и щыхьэтщ абы и цIэр нобэ зэрыпэрытыр, игъэзэщIа ролхэм траха видеонэтынхэм къытрагъэзэжурэ цIыхухэр зэреплъыр, еплъыхукIи, я гукъыдэжыр къызэриIэтыр.***

***Илъэс 30-м щIигъуауэ «Ныбжьэгъухэм я гушыIэ» («Улыбка друзей») фIэщыгъэм щIэту гъэ къэс ди щIыналъэм щрагъэкIуэкI ТIыхъужь Алий и цIэр зезыхьэ фестиваль, ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэм, мэлыжьыхьым и 1-м, техуэу. Абы кърагъэблагъэ Кавказ Ищхъэрэм и театрхэм я артист пажэхэр.***

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэм и Iэужьым и илъэсым, РСФСР-м, КъБАССР-м я цIыхубэ артист ТIыхъужь Алий къызэралъхурэ илъэси 105-рэ щыхъум ирихьэлIэу, ТIыхъужь Алий и цIэр фIащащ Нартан дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм.***

***ТIыхъужь Алий и цIэр лъэпкъым игъэлъапIэр, и Iэужьыр ихъумэр пэжщ. Абы и цIэр нобэми дэ къытхэзыгъэтыр и лэжьыгъэм хуиIа лъагъуныгъэрщ, ирихьэлIа къару иным и джэрпэджэжырщ.***

ЩОМАХУЭ Залинэ.



# ГуапэхужыIэ тхыгъэхэр

## ГушыIэр и щIасэт

Зи ахърэтыр дахэ хъун ТIыхъужь Алий ди лъэпкъым фIы дыдэу илъагъу цIыхухэм, артистхэм ящыщт.

1992 гъэм Алий илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуауэ спектакль-бенефис цIыху зыбжанэм ди жэрдэмкIэ дгъэхьэзырауэ щытащ: Шэрджэс Мухьэмэд режиссёру, езы Алий, Къаздэхъу СулътIан, Мэшыкъуэ Феня, Балъкъэр Юрэ, Мысост Вадим сымэ щыджэгуу, Къэжэр Борисрэ сэрэ къызэгъэпэщакIуэхэу, Жэбалыхэ Николайрэ Олегрэ мылъкукIэ зыкъытщIагъакъуэу.

Демократием и жьы хуабэ къыкъуэуам цIыхум «чэф гуакIуэ» къыщрита зэманрати, мурад дахэ цIыкIу гуэри дигухэм щыдгъафIэрт: контракткIэ лажьэ театр къызэдгъэпэщыну. Ноби сохъумэ художник Iэзэ ПщыхьэщIэ Хьэсэн абы щыгъуэ тхуищIауэ щыта афишэ дахэхэр.

Хьэзыр хъунум къэнэжа щымыIэу, къуажэ гуэрми «вагъэсеплъ папщIэу» зэ щыдгъэлъэгъуагъэххэу, спектакль-бенефисыр IэщIыб хъужауэ щытащ, Алий и юбилейр «гушыIэншэу» ягъэлъэпIэн мурад «Унэшхуэм» щаIэу къыщIэкIри...

ГушыIэр зи щIасэу щыта, гушыIэшхуи зыхэлъа ТIыхъужь Алий фэеплъ хурехъу а зи гугъу тщIа спектаклыр.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Алий и илъэс 90-м ирихьэлIэу сэ сигу илъащ а теплъэгъуэр хэту тхылъ къыдэзгъэкIыну. «ГуапэхужыIэ тхыгъэхэр» - аращ фIэщыгъэ хуэсщIар а тхылъым. Абы хыхьащ ди щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэу, хуэщхьэпахэу цIыху 50-м щIигъум ятеухуа тхыгъэхэр. Тхылъыр къыдэкIыным сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру зыкъом лъандэрэ щылъщ.

**IУТIЫЖ Борис**,
*тхакIуэ, усакIуэ, драматург.*
*2007 гъэ.*

## Гупыр зыгъэгуп

Седжэу Москва сыщыщыIа зэманым цIыхугъэ куэд къысхуэхъуащ. Дуней псом къыщацIыху артистышхуэхэм я джэгукIэр тлъэгъуащ, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэ пашэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм даIущIащ. Ауэ абыхэм къысхалъхьам нэхърэ нэхъыбэщ ди театрым щылажьэу щыта нэхъыжьхэм къызатар. Ар куэдрэ жызоIэ икIи семышу къытезгъэзэжыфынущ.

Иджы хуабжьу си гуапэ хъуа зы IуэхугъуэкIэ газетеджэхэм садэгуэшэнут. Сэ щезгъаджэ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым сыхьэт бжыгъэ къыщыдатащ ди лъэпкъ театрхэр зыухуахэм я хъыбар студентхэм яжетIэну, абыхэм я лэжьыгъэм едгъаджэхэр щыдгъэгъуэзэну. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыIэкъым ди артист пашэхэм ятеухуа тхыгъэ гъэхуахэр. Газетхэм ятхми, ятхыр фIым я нэхъыфIыжхэм теухуарщ. Шэч хэлъкъым абыхэм къызэралэжьым, ауэ адрейхэри ямыгъусамэ, абыхэм къыдамыIыгъамэ, ди артист пашэхэм я цIэр апхуэдэу Iуну къыщIэкIынтэкъым. Сэ куэдрэ жызоIэ ди лэжьыгъэр гуп зэкъуэтым и гуащIэу зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу институтым апхуэдэ сыхьэт бжыгъэ программэм зэрыхагъэхьар згъэщIэгъуащ, хэту пIэрэ зи гукъэкIыр жысIэуи сегупсысащ. Абы хэт и гупсысэ хуэкIуами, хуабжьу сэбэп зыпылъ Iуэхугъуэ утыку кърихьащи, егъэлеяуэ сыщогуфIыкI.

Газетеджэхэми телевизореплъхэми я щхьэр езгъэужэгъункIэ мэхъу къытезгъэзэжурэ зэрыжысIэм: ди артист пашэхэм къалэжьакъэ я цIэ къалэхэм, уэрамхэм, ахэр щеджа школхэм фIащыну?! Сигу къоуэ артистышхуэ зыхужыпIэну ди лъэпкъым иIа цIыху цIэрыIуэхэм я цIэхэр къытщIэхъуэ щIэблэм яIэщIэху хуэдэу зэрыхъуар. Ахэр нобэми къытхэту фIэкIа сэ къызэрызмылъытэфырщ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа артист нэсхэм я цIэм «мыгъуэ» псалъэр пыту зэи къыщIэзмыгъэсэбэпыфыр. Абыхэм ди гум щIилъыпхъэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ къызэранэкIащ.

Алий и гугъу щысщIкIэ, сэ куэдрэ сытопсэлъыхь абы дэзгъэува пьесэхэм, сэ къыздищIа ролхэм. Ауэ зыгуэрым къыщымыхъуну пIэрэ ар «мы Алий сэращ нэхъыбэрэ дэлэжьар, сэращ ролыфI езыгъэщIар» жысIэу? Апхуэдэу къизгъэкIыркъым. Сэ сыкъэмыкIуэж щIыкIи ар Алийт, къыдалъхуа и артистыгъэмкIэ цIыхухэм яцIыхурт. Сысабийуэ театрым кIуэн щыщIэздзахэм щегъэжьауэ, Алий артистышхуэт, пыплъхьэни пыпхыни щымыIэу. Зэгъусэу къэдгъэщIа ролхэм ящыщщ «Мыщэ и къуэ Батыр», «ЩIыщIэ къэIэта», «ТIатIушэрэ СатIурэ» пьесэхэм, нэгъуэщI куэдми абы щигъэзэщIа, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэщ, зыхужыпIэн образхэр. Абы ролыфI си деж щищIамэ, сэ езгъэщIауэ аракъым, атIэ ар езым и лъэкIыныгъэщ. Режиссёрым сэ фIыщIэ псори бгъэдэслъхьэркъым. АртистыфIыр режиссёр лъыхъуэркъым, езым хузэфIэкI утыкум къыщигъэлъагъуэу аращ. ТIэкIу узэIэбэкIыжмэ, режиссёр Урысейм щыIэу щытакъым. Япэ дыдэ Театр цIыкIум режиссёр щагъэкIуам абы щылажьэ актёр лъэщхэм «зэран къытхуэмыхъумэ, додэ» жаIауэ щытащ. Сэ Алий ролхэр ищIынымкIэ зэи зэран сыхуэхъуакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ сызэрыхуеймрэ пьесэр зытхар зыхущIэкъуамрэ къыгурыIуэрти, ролхэр езым фIыуэ ищIырт, образхэр гугъэзэгъауэ къигъэлъэгъуэфырт. Апхуэдэ дыдэущ ар зыдэлэжьа режиссёрыфIхэу Ерчэн Леонид, Мыд Хьэжмусэ, Шортэн Аскэрбий сымэ зэрабгъэдэтар.

Ди артистышхуэхэр къыщытхэтым пщIэ гуэри къулыкъущIэхэм къабгъэдэкIыу къалъыса къыщIэкIынщ, ауэ иджы дунейм щехыжакIэ, къытщIэхъуэ щIэблэр абыхэм я зэфIэкIым щIэпIыкIын, абы ирибгъэсэн папщIэ артистышхуэхэм я лэжьыгъэм къанэ щымыIэу хэгъэгъуэзэн хуейуэ къызолъытэ. Аращ институтым а Iуэхугъуэм хухиха сыхьэт бжыгъэм сыщIыщыгуфIыкIари.

**ТЕУВЭЖ СулътIан**,
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*
*2007 гъэ.*

## Сценэр фIыуэ илъагъурт

Щукиным и цIэр зезыхьэ театральнэ училищэр 1975 гъэм къэдухри, ди адыгэ театрым щылэжьэн щIэддзауэ щытащ зы гупым. Мис а зэманращ сэ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, театреплъхэм фIыуэ ялъагъу ТIыхъужь Алий къыщысцIыхуар.

Сэ абы спектакль куэдым сыдыхэтакъым, ауэ ролитI-щы дэсщIар сигу къинэжащ. Мы си тхыгъэ кIэщIми зи гугъу щысщIыну сызыхуейр абы дыщыхэтым къытщыщIа (Алий уи гъусэу дыхьэшхэн гуэр къыпщымыщIу къэнэнутэкъым) Iуэхугъуэ цIыкIухэрщ.

Япэ дыдэ абырэ сэрэ дызыхэтар Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам» къытращIыкIа спектаклрат. Алий Щукарь дадэм и ролыр гъуэзэджэу зэрищIар театреплъ куэдым ящIэж. Сэ куэдрэ сигу къокIыж: спектаклым и иужьрей Iыхьэм лIыхъужь хэкIуэдахэм деж Алийрэ сэрэ дыщызэхуэзэрти, Алий зылъагъу цIыхухэр мыдыхьэшхыу тхуэмыщIу гугъу дызэрехьар.

ЕтIуанэу сыщыдэлэжьар «ТIатIушэрэ СатIурэ» спектаклырщ. Абы хэт Къаздэхъу СулътIан хамэ къэрал кIуати, сэ абы и пIэкIэ ТIатIушэ и ролыр сагъэгъэзащIэрт. Арати, Алий зэ-тIэу селъэIуащ спектаклым хэмыт къыхимылъхьэну. «Хъунщ», жиIэу быдэу сыкъигъэгугъа щхьэкIэ, утыкум диту жиIэн хуэмей нэгъуэщIхэри къыдыщIигъуу щIидзащ. Утыкум дыкъикIыжа иужь, сыбгъэдыхьэу «сынолъэIуати» щыжысIэм: «Текстыр сщыгъупщэжати, нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым», - къызжиIащ.

Ар си гум илъу къуажэ гуэрым дыкIуащ, а спектакль дыдэр тшэри. Жылэ дызыдыхьам и тыкуэным Алий щIохьэри, тыкуэнтет цIыхубзым йолъэIу хьэщIэ зэриIэм къыхэкIыу аркъэ ашык кърищэну. Алий и Iуэхур зэрызэфIигъэкIыу, сэри зы аркъэ абдж къызощтэ, реквизитым хэт бащырыбэм зыми имылъагъуу псым и пIэкIэ ар изогъахъуэри, сценэм дохьэ. Спектаклым и зы Iыхьэм деж сэ Алий псы хуизгъэхъуэн хуейти, сышынапэурэ, псым и пIэкIэ стэканыжь къиншиям аркъэ хузокIэ. Алий дэнэ щищIэнт абы итыр - зэуэ егъэщIейри иреф... «О-о-о», жиIэну щыщIидзэм зыкъищIэжри, щытыкIэ зэрыхуам сытым дежи екIуу къикIыу еса артист лъэщым: «Узгъэунэхъун, къигъахъуэ жысIамэ, сегъэтхьэлэ бжесIа?» - жиIэри трилъэфэжауэ щытащ. Сценэм дыкъикIыжащи, сожьэ, сыт щыгъуэу пIэрэ сыщиужьыгунур жызоIэри. АрщхьэкIэ, «нетIрейм щыщ тIэкIу щыIэж?» жиIа фIэкIа къыфIигъэкIатэкъым.

Сыхьэт бжыгъэкIэ, уеблэмэ махуэ бжыгъэкIэ утепсэлъыхьыфынущ ТIыхъужь Алий. Сценэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурт, абы фIыуэ хищIыкIырти, зэи пхущыгъэуэнутэкъым. Езым гушыIэшхуэ хэлът, театрыр фIыуэ зылъагъу цIыхухэм ящымыгъупщэу я гум илъщ абы и джэгукIэр. Илъэс куэдкIэ сценэр зыгъэбжьыфIа ТIыхъужьыр нобэми къытхэтщ игъэзэщIа ролхэмкIэ, и гуп хэтыкIэ екIумкIэ.

**ИУАН Владимир**,
*Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артист.*
*2007 гъэ.*





# УсакIуэпсэрэ щIэныгъэ гупсэу щыта

## Адыгэ еджагъэшхуэ ХьэдэгъэлI Аскэр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

**«Гур егъэшэс, псэр егъэшу», жеIэ адыгэ псалъэжьым. ГущIэ лъащIэр къызэщIэзыIэтэ гупсысэм, ущие защIэу къызэрыкI Iущыгъэм, Iуэху пыухыкIахэм уахуэзыгъэуш псалъэм пщIэ хуищIу къэгъуэгурыкIуащ лъэпкъыр. Сабийр цIыкIу щIыкIэ щIапIыкIырт езым хуэдэм и фIагъ иригъэкIыу, лъытэныгъэ ириту, зытет дунейми и щхьэпэ екIыу зэрыпсэун хуейм. Къыщалъхуа махуэм щегъэжьауэ цIыхум лъэбакъуэу ичыр гъэсэпэтхыдэкIэ ипкIырт, хабзэкIэ ипсыхьырт, цIыхугъэкIэ игъэнщIырт. ХьэщIэщыр адыгагъэм и кIыщу къекIуэкIащ. Абдежт лъэпкъым и гущIэм щызэригъэзахуэ дахагъэ псори къыщежьэр, цIыхум хэлъыпхъэ щэнхабзэри щаубзыхур. ЛIыжь уэршэрхэм уэру къахэхуэ хъыбарыжьхэм, тхыдэжьхэм, пшыналъэхэм, уэрэдыжьхэм псэр ямыхьэхункIэ, гурыщIэ дахэхэр къызэщамыгъэункIэ Iэмал иIэтэкъым. Жыжьэу ущедаIуэкIэ, уегъэбырсыр, гъунэгъуу, ухэта фIэкIа умыщIэну, ар нэхъыжь жьакIэхухэм къыщаIуэтэжым деж, гур ирихужьэу блэкIам ухилъэсэныр, гугъапIэ мыухыжхэр зэпха хъуэпсапIэхэм ухимышэныр зыхуэIуа щыIэкъым... Хэкум псэемыблэжу къыщыж лIыхъужьхэм уащыщу зыкъыпщызыгъэхъуж апхуэдэ хъыбар куэд щыIуащ ХьэдэгъэлIхэ (ХьэдэгъалIэхэ) я хьэщIэщым. А псом щIэдэIуа щIалэ цIыкIум цIыхушхуэ къызэрищIыкIынум, лъэпкъым и гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIын лэжьакIуэшхуэ къызэрыхэкIынум шэч къытрихьэжыртэкъым ЛIымахуэ-дадэми...**

И САБИИГЪУЭМ къыщегъэжьауэ адыгэ псалъэм щIэдэIуныр зыхилъхьэ щымыIэу къэтэджащ ХьэдэгъэлI Мэхьмуд и къуэ Аскэр. Псалъэм гу зэрыхуищIар пасэу къызыгурыIуа адэшхуэми лъэкI къигъэнакъым. ЛIымахуэ цIыху Iущт, жьабзэ дахэ Iурылът, пасэрей хьэщIэщ хабзэр зрихьэрт, езыри цIыху кIуапIэт. Адыгэбзэ курыхыр зезыхьэ дадэм IуэрыIуэтэжьу ищIэм гъуни нэзи иIэтэкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу и хьэщIэщым къыщызэхуэс лIыжьхэм къаIуатэхэм щIалэ цIыкIур щIигъэдэIурт, ахэр гъэсэпэ-плъапIэ хуищIырт. Аскэри, сабийми, жаIэр и гум ириубыдэрт, уеблэмэ нэхъыжьхэм яIэщIэхуа гуэр къыхэкIмэ, езыр зэIущэщэж фIэкIа умыщIэу дэхуар щабэ цIыкIуу хигъэувэжырт. Нэхъыжьхэми абы гу лъамытэу къанэртэкъым, гуапэ ящыхъурт, я щIэжыр зыхъумэн, ар адэкIэ зыхьын къазэрыщIэхъуэм щыгуфIыкIырт. ЩIалэр зэрыгурыхуэм къыдэкIуэу, тхыдэжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ къахэхуэ лIыхъужьхэм я шыфэлIыфэри и нэгу къыщIигъэхьэурэ сурэт ятрищIыкI хъуащ, ауэрэ усэхэр зэхилъхьэу хуежьащ. Аскэр курыт еджапIэм щIэст усакIуэ зэрыхъунур къыщыхэщам, апхуэдизкIэ и псалъэ зэпыгъэувэкIэр зыми емыщхьу хьэлэмэт хъурти.

Адыгэ цIыхубэ усакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ ХьэдэгъэлI Аскэр Адыгейм хыхьэ Хьэтыкъуейм къуажэм 1922 гъэм фокIадэм и 20-м къыщалъхуащ. Дадэкъуапэу къэхъу щIалэ цIыкIур пасэ дыдэу пэщIэдзэ еджапIэм щIэтIысхьащ, игъэлъагъуэ зэфIэкIхэмкIи щIэх и ныбжьэгъухэм къахэщ хъуащ. Аскэр зыхуигъадэ щымыIэу фIыуэ илъагъур адыгэ литературэрат. Зэхихамрэ зэджамрэ Iэзэу къызэриIуэтэжыфым къыхэкIыу, и лъэгуажьэгъу цIыкIухэри дерсым дригъэхьэхыфырт. ЩIалэм и адыгэбзэри хьэлэмэт дыдэт. Урыс-Кавказ зауэ нэужьым адэжь лъахэр зрагъэбгына хьэтыкъуей адыгэхэм къахэнэжар мащIэ дыдэт. Ахэр зэхуэсыжу зы жылэу щызэхэтIысхьэжа къуажэт къыщыхъуари, зыми хуэмыдэу а псэлъэкIэм и щхьэхуэныгъэхэр Аскэр и анэдэлъхубзэм къытещырт. Абы къыхэкIыу адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ егъэджакIуэм Аскэр гулъытэ лей къыхуищIырт. Адыгэбзэр сабийхэм щаригъащIэкIэ, кIэмыргуеибзэм мыпхуэдэу щыжаIэ, хьэтыкъуеибзэм Аскэр къызэрипсэлъым хуэдэу щызокIуэ, жиIэурэ зэгъэпщэныгъэ защIэкIэ тхыбзэ хабзэхэр яригъащIэрт.

Аскэр классиблыр къыщиухар Адэмей къуажэрщ. Зи зэфIэкIыр лъагэ щIалэщIэр и гъэсакIуэхэм я чэнджэщкIэ Мейкъуапэ дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр училищэм щIотIысхьэ (1937 - 1940). ХьэдэгъэлIым абдеж щызэхаша литературэ хасэм и лэжьыгъэм жану зрет, и зэфIэкIхэми щыхегъахъуэ. Училищэм иужькIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр илъэситI курсри Аскэр къеухыж. Мыбдежщ абы и литературэ лъэкIыр игъэлъэщу щыхуежьэр: «Ди хэхъуэхэр» альманахым и усэхэр къытохуэ, хэгъэгу газетхэм къытрадзэ.

ХьэдэгъэлI Аскэр япэ адыгэ усакIуэ нэхьыжьхэм ящыщщ. КъызыхэкIа лъэпкъым и нэгу щIэкIа гугъуехьхэр гукIэ ишэчыжрэ ахэр усэбзэкIэ зэригъэкIужу тхащ. Зэгуэр лъэпкъышхуэу дунейм тета адыгэхэр зауэ-банэ мыухыжхэм жьгъей зэращIам, я лъахэр ирагъэбгынэу щIы хъурейм зэрытракъухьам гупсэхугъуэ къезымыт усакIуэм лъэкIыр арати, псалъэкIэ и лъэпкъэгъухэм я щIэжыр къиIэтыну, я адэжьхэм къызэранэкIа тхыдэшхуэм хуригъэплъэкIыжыну хущIэкъурт. ХьэдэгъэлI Аскэр усэбзэкIэ итха «Адыгэм ипхъу» повестым фIэкIа къыумылъытэми, лъэпкъым къылъыса лейр гукIэ зэригъэвар зыхыбощIэ. А тхыгъэр адыгэм къикIуа гъуэгуанэм и щыхьэту, лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэ нэсу къалъытэ. Адыгэ бзылъхугъэр и къабзагъэкIэ, и IущыгъэкIэ, и хабзэкIэ къыхэщу зэрыщытам и мызакъуэу, Хэкумрэ жьэгумрэ я лъапIэныгъэр къызыгурыIуэ анэ къызэрищIыкIри Iэзэу къиIуэтэфащ.

ХьэдэгъэлIым и щIалэгъуэ дахэт, и хъуэпсапIэхэр къыдэхъуу къыщилъытэ лъэхъэнэт Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям. 1942 - 1946 гъэхэм Аскэр дзэм ираджэ, япэщIыкIэ фочауэу, итIанэ фочауэ-инструктору къулыкъу щещIэ. ХьэдэгъэлIыр псэзэпылъхьэпIэм щихуэми, и къалэмыр игъэтIылъакъым. Мы лъэхъэнэм Аскэр и IэдакъэщIэкIа усэхэр цIыхубэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэхэм хуэгъэпса мэхъу, абыхэм къащIэIукI пшыналъэм гуащIэу зеIэт, джэж макъыу зэбгрокI. ЩIалэ хэкупсэм и усэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ, Iэрытхыу зэIэпахыу хуожьэ. Аскэр зауэ илъэсхэм итха усэ куэд ди анэшхуэхэм дзапэ уэрэду кърахьэкIыу щытащ, абыкIэ гузавэм хэт я гур ирагъэIэсэу, фIэщхъуныгъэ къыхалъхьэу, фIым щагъэгугъыу.

ХьэдэгъэлIым и хэку къыщигъэзэжар 1946 гъэрщ. ЦIыху зэчиифIэр Iуэхуншэ хъуакъым. А илъэс дыдэм ар Адыгейм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым лэжьакIуэу ящтащ, дунейм ехыжыхуи абы щылэжьащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Аскэр Адыгэ хэкум егъэджакIуэхэр



щагъэхьэзыр и институтыр 1957 гъэм, Куржым ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Шотэ Руставели и цIэр зрихьэу хэт институтым и аспирантурэр къиухащ. 1965 гъэм филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, 1991 гъэм доктор цIэр къыхуагъэфэщащ. Аскэр и гъащIэ псом зэлэжьар IуэрыIуатэрщ, иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэри «Нартхэр» зи фIэщыгъэ адыгэ эпосым тещIыхьауэ щытащ.

ЗэуапIэм щызэрихьа лIыгъэр щIэныгъэми щигъэлъэгъуащ Аскэр. «Нартхэр» лIыхъужь эпосыр зэхуэхьэсыжынымкIэ, ахэр къэхутэнымкIэ икIи къыдэгъэкIынымкIэ ХьэдэгъэлIым хузэфIэкIар къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. Нарт тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ нэхъапэкIэ къытрамыдзауэ аратэкъым, тхылъ щхьэхуэхэм къытехуауэ щыIэт, щIэныгъэри абыхэм щыгъуазэт. Ауэ адыгэ нартхэр зы дуней зэрырикъур, абы эпоскIэ уеджэну зэрыхуэфащэр щIэныгъэм къезыгъэщIар ХьэдэгъэлI Аскэрщ. ЛIыр лъэпкъщ, жиIащ адыгэм. Лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI нарт IуэрыIуатэхэр зэрыналкъутналмэсыр зэхэзыщIыкIа Аскэр еши щхьэхи имыщIэу ахэр зэхуихьэсащ, мы къуажэм мыпхуэдэ дадэм нарт хъыбар гъэщIэгъуэн къыщиIуатэу срихьэлIащ, жаIэу зэхихамэ, пIалъэ къыхимыгъэхьэу абы деж кIуэуэ щытащ. Аскэр лъэпкъ къэгъэщIыгъэм хуэсакъыу, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм заримыту адэжь щIэиныр зэрызэхуихьэсыжа къудеймкIэ адыгэм Iуэхутхьэбзэшхуэ яхуищIащ, къызыщIэкIа хьэщIэщым и хьэкъри, и адэшхуэм и хъуэпсапIэхэри игъэзэщIащ.

Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iууами, Аскэр зыхуежьа Iуэхум щыхущIегъуэжа зэи къыхэкIакъым, и IэнатIэм хуэщыпкъэу, и фIэщу пэрытащ. Сыт хуэдиз къару, сыт хуэдиз шыIэныгъэ пхэлъын хуейт, зэ зэхэсхащ, зэ срихьэлIащ жумыIэу, зы текстым и лIэужьыгъуэхэр зэхуэпхьэсу, ахэр зэхэбдзу, зэбгъапщэу, къытебгъэзэжурэ зэпэплъыту улэжьэн щхьэкIэ. Гугъуехьым иримыщIыкIым куэд къыдохъу, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэри цIыхум къызыхигъахуэ лIыгъэрщ.

Нарт тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ зэхуихьэсу ХьэдэгъэлI Аскэр Адыгейми, Къэбэрдейми, Шэрджэсми, Шапсыгъми, мэздэгу адыгэхэм я дежи щыIащ. Нартхэр къилъыхъуэжу Аскэр хамэ къэралхэми кIуащ. Адыгэ щыпсэууэ ХьэдэгъэлIым и лъэ зытемыува къэнакъым - ар щыIащ Тыркуми, Иорданиеми, Сириеми, Израилми, нэсащ Америкэми. Джаур зауэжьым лъэпкъыр зэкъуичами, ар зы зыщI хъугъуэфIыгъуэр къегъэлыным и гуащIэ ирихьэлIащ. Аскэр и фIыгъэшхуэ хэлъщ нарт IуэрыIуатэхэр зыщIэ нэхъыжьыфIхэм я цIэ-унагъуэцIэхэр зэгъэуIуауэ, абыхэм я IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ теухуа тхыгъэ кIэщIхэр щIыгъужауэ щыхьэт тхылъхэр диIэ зэрыхъуам. Адыгэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм нарт IуэрыIуатэхэмкIэ архив гъэтIылъыгъэ щхьэхуэхэр къыщызэгъэпэщыныр, щхьэж иIэмкIэ зэхъуэжэныр къыхэзылъхьауэ щытар Аскэрщ. IуэрыIуатэр япэу дунейм къызэрытехьа бзэр хъумэным, къызэраIуэтэжа диалектым и щхьэхуэныгъэхэр къызэтенэным, ар литературэбзэм хуэпшэ зэрымыхъунум япэу тезыгъэчыныхь хъуари ХьэдэгъэлIращ. Зыпэрыхьа Iуэхум и гъащIэр ихьынуми ищIакъым Аскэр. И гукъэкIыжхэм мыпхуэдэу щитхыгъащ абы: «Адыгэ лъэпкъ эпосым и къэхутэным иужь сыщихьэм, апхуэдиз далэ ихьынуми си пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым, апхуэдиз щIыналъэ зэпысчынуи сигу къэкIакъым. Псым ухыхьэху куу зэрыхъум хуэдэу, нартхэм я дунейри нэхъ ин хъурт, укъэувыIэмэ, къанэр нэхъ телъыджэжу зэрыщытыр зыхыуигъащIэрт. Гъунэ иIэкъым нартхэм я дунейм, икIи, адыгэр и бзэкIэ псалъэу щыIэху, зэхэдмыха гуэр, дызримыхьэлIа гуэр къызэрыкъуэкIынуми зымащIэкIэ шэч къытесхьэркъым».

Аскэр ерыщу зыпэрыта Iуэхум къызэрымыкIуэу ину зиIэтащ. Адыгэ лIыхъужь эпосыр зэхэту тхылъибл хъууэ къыдигъэкIауэ щытащ. Нартхэ я IуащхьиблыР мыкIуэдыжын фэеплъу лъэпкъым къыхуигъэнащ. Ар лIыгъэтэкъэтIэ?! Илъэс IэджэкIэ зи ужь ита «Нартхэр» адыгэ лIыхъужъ эпосыр ХьэдэгъэлIым 1968 - 1971 гъэхэм къыщыдэкIым, щIэныгъэ дунейм зыкъыщызыIэтауэ щыта псалъэмакъхэр ноби ужьыхауэ пхужыIэнукъым. Зыми и фIэщ хъуртэкъым афIэкIа мыхъу лъэпкъ цIыкIум апхуэдиз мылъку къылъыкъуэкIыну... Ауэ, ар лъэпкъым и инагъым теухуамэ, адыгэхэр IэмыщIэщызтэкъым зэрыхъуу щытари...

Тхылъыбл хъу нарт зэужьым адыгэ литературэбзитIымкIи урысыбзэкIи псалъапэ хуэщIат, псалъалъэ щIыгъут, къэIуэтэжакIуэхэм я сурэтхэмрэ пшыналъэхэм я нотэхэмрэ гуэдзэн хуэщIыжат. Ар дуней псом къыщацIыху сурэтыщI Iэзэхэу Мэрэтыкъуэ Долэтрэ Хьэпыщт Айсэрэ ягъэщIэрэщIауэ щытащ. Къыхэгъэщын хуейщ къыдэкIыгъэшхуэм инджылызыбзэрэ франджыбзэкIэ резюмехэр зэраIари. А щIыкIэмкIэ адыгэм я эпосыр дунейпсо утыку иша хъурт.

ХьэдэгъэлIыр емызэшу телэжьащ нартхэр адыгэхэм я IуэрыIуатэ къэгъэщIыгъэхэм я курыхыу зэрыщытыр дунейм и фIэщ ищIыну. Аскэр и жэрдэмкIэ Кавказологхэм я Дунейпсо зэгухьэныгъэм и VI зэIущIэр Мейкъуапэ 1992 гъэм щрагъэкIуэкIауэ щытащ. Абы хэтащ Инджылызым, Голландием, Канадэм, Болгарием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, Иорданием, Урысейм щыщ щIэныгъэлIхэр. ЩIэнIуатэм хэта Коларуссо Джон «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосым теухуауэ жиIар гукъинэжщ: «ХьэдэгъэлIырщ адыгэм я псэкупсэ икIи щэнхабзэ къэгъэщIыгъэр уахътыншэ зыщIар. ЗымащIэкIи шэч къытесхьэркъым «Нартхэм» адыгэм зыкъиIэтыжыным теухуауэ куэд зэрыхузэфIэкIынум, Iэщэмрэ ахъшэмрэ къамыхьынур абы и закъуэ зэрыхуэгъэкъаруунум. Мыпхуэдизыр зэхуэхьэсыжыныр зы цIыхум щылъэкIакIэ, нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ лъэпкъым хузэфIэкIынур зыхуэдизыр».

Нарт эпосыр къэзыгъэщIамрэ зеймрэ теухуауэ щIэныгъэм нобэми зэныкъуэкъухэр щокIуэкI. Зы цIыху къарукIэ апхуэдиз лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр зэхуихьэсыжу тхылъу къыдэгъэкIыным къыщыувыIакъым лIы емызэшыжыр. Зэхуихьэса текстхэм къэхутэныгъэхэр ярищIылIэри, «Нартхэр. Адыгэ лIыхъужь эпос. Лъабжьэхэмрэ къежьапIэхэмрэ» зыфIища монографиер Краснодар 1967 гъэм, «Нартхэр. Адыгэ лIыхъужь эпос» къэхутэныгъэшхуэр 1987 гъэм Мейкъуапэ, «Лъэпкъ щIэжыр. «Нартхэр» лIыхъужь эпосым и къежьапIэхэр» лэжьыгъэр 1997 гъэм Мейкъуапэ къыщыдигъэкIауэ щытащ.

Совет къэралыгъуэм щыщу Америкэм и Штат Зэгуэтхэм япэу зи лъапэ тезыгъэувар Аскэрщ. А кIуэгъуэм щIэныгъэлIым хузэфIэкIар егъэлеяуэ инщ. Япэрауэ, КIубэ Шэхьбан и щIэиныр къишэжауэ щытащ, етIуанэрауэ, щэ бжыгъэкIэ IуэрыIуатэ зэмылIэужьыгъуэхэр итхыжат. Ауэ ахэр хэкужьым къихьэжыным гугъуехь пылъу къыщIэкIащ, СССР-м и лIыкIуэу Америкэм щыIэм и Iизын къеIыпхын хуейт. Аскэр СССР-м и Посольствэм и етIуанэ секретару а лъэхъэнэм лэжьа Щербаков Леонид деж лъэIу тхылъ итхауэ щытащ, Америкэм щыпсэу адыгэхэм я деж щитхыжа IуэрыIуатэхэмрэ КIубэ Шэхьбан и архивымрэ Совет къэралыгъуэм ирихьэну хуит зыкъригъэщIу. ЛъэIу тхылъым текстхэм я фIэщыгъэхэр зэрыт тхылъымпIэ щIыгъут, ар Адыгэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и архив гъэтIылъыгъэхэм зэрыхилъхьэжынури итт. ЩIэныгъэлIым зэхуихьэсыжахэр зи лIэужьыгъуэр щIапщытыкIыу зищIысыр къащIа нэужьщ хуитыныгъэ къыщратар. Адыгэ IуэрыIуатэхэм ар я къэшэжыкIэу хэкум къашэжауэ щытащ. Апхуэдэ защIэу, къитIэщIымрэ къигъуэтыжымрэ щIэныгъэм лъагъуэщIэ щыхашу лэжьащ Аскэр.

ХьэдэгъэлIым цIыхур хуабжьу фIыуэ илъагъуу щытащ, ар егъэлеяуэ хьэлэлт, зыгуэр ухуэныкъуэу къищIамэ, и нэбдзыпэ зэтрилъхьэнутэкъым, ауэ ар къипхуищIэу уи Iуэху зэфIэкIыху псэху иIэнутэкъым. ГумащIэти, и Iыхьлыи, и ныбжьэгъуи, и лэжьэгъуи и гулъытэр нэсырт. Зы щапхъэ закъуэ къэпхьыну ирикъунщ ар цIыхумкIэ фIыуэ зэрыщытар къэбгъэлъэгъуэну. Шапсыгъым Лъыф ХъалидкIэ еджэу лъахэхутэ, этнограф гъэщIэгъуэн, егъэджакIуэ Iэзэ щыпсэуащ. Ар дунейм щехыжым, «ЕмыкIуу къысхуумылъагъу, си Хэку» зыфIища Iэрытх къыкъуэкIащ. Щыпсэум игъэныбжьэгъуу дунейм тета лIыфIым и IэдакъэщIэкIхэр кIуэдыну хуеякъым Аскэр. Тхыгъэхэр япэщIыкIэ адыгэбзэкIэ, итIанэ «Прости меня, Родина» фIэщыгъэр иIэу урысыбзэкIэ дунейм къытехьащ. Ар тедзэным хуэзыгъэхьэзыра Адыгейм щIыхь зиIэ и журналист Хъущт Аслъэнбийрэ ХьэдэгъэлI Аскэррэ арыххэуи лъэпкъ щIэныгъэм и зы кIапэ мыкIуэдыжу къызэтранащ, ныбжьэгъум и фэеплъым хуэфащэ пщIэи хуащIащ.

ХьэдэгъэлI Аскэр щIэныгъэми, щэнхабзэми, литературэми зи гуащIэ хэзылъхьа адыгэлI щыпкъэхэм ящыщщ. Iэужьыфlэу псэууэ лъэужьыфI къэзыгъэна щIэныгъэлIым лъэпкъым хуилэжьар фIыщIэншэ хъуакъым. Аскэр «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Апхуэдэу ХьэдэгъэлIым «Адыгейм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр зэрихьэу, Адыгейм и къэрал саугъэтым и лауреату, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо адыгэ академием и академикыу щытащ.

ХьэдэгъэлI Аскэр хиша лъагъуэм дуней мылъкур телъщ, урикIуэ къудеймэ, гъащIэ гъуэмылэ пхуэхъуну хьэзыру. КъызыхэкIа лъэпкъым хухиса фIыщIэ жыгыр къудамэбэу зэрызиубгъунуми, дяпэкIэ дунейм къытехьэну адыгэ куэдым ар плъапIэу зэраIэнуми шэч хэлъкъым. УсакIуэпсэу зи гъащIэр къэзыхьа, и гупсысэ IуданэкIэ лъэхъэнэхэр зэпызыщIа щIэныгъэлIым и фIыщIэмрэ щытхъумрэ уахътыншэщ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым*
*и щIэныгъэ обозреватель.*




# Вагъуэбэ

● Фщіэн папщіэ



**Вагъуэбэ** - *созвездие Тельца* - къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къыщыблэ вагъуэ зэрыбинщ, ар гъавэм хэплъэмэ, къэкІыгъэр багъуэу жаІэ. Вагъуэбэм теухуауэ пасэрей адыгэхэм жаІа нэщэнэхэрщ ди деж нэхъыбэу къэсар: «Вагъуэбэр щІым хэплъэмэ, къэб къуэпсым зедз», «Вагъуэбэр къыхэмыплъауэ нартыхум зиІэтыркъым, апщІондэху хэхъуэгъуейщ», «Вагъуэбэр щІым зэрынэсу, щІыри псыри мэщтри, щІымахуэм щІедзэ», жаІэрт адыгэхэм.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Вагъуэбэм теухуауэ МафІэдз Сэрэбий итхар: «Илъэсыр ІыхьиплІу гуэшыныр адыгэхэм Вагъуэбэ жыхуиІэ вагъуэ зэрыбыным ирапхырт. Вагъуэхэр зыдж щІэныгъэм Дыгъэр здрикІуэу жыхуиІэ Вагъуэ бын 12-м ящыщу «созвездие Тельца» жыхуаІэм нэхъ тохуэ Вагъуэбэр. Ауэ угугъэ хъунущ адыгэхэм Вагъуэбэ жыхуаІэу щытам а Вагъуэ бын пщыкІутІри къызэщІиубыдэу, иужькІэ, щІэныгъэу яІар щаІэщІэхужым, ди нэхъыжьхэм а фІэщыгъэцІэр Вагъуэ быным и закъуэ траубыдауэ. Дауэ щымытами, ди бзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыІэкІэхэр: «Вагъуэбэр щІым къыхэкІащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкІэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щІым хыхьэжащ».

Вагъуэбэр щІым къыхэкІауэ щалъытэр гъатхэм махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъурт. Иджырей ди бжыгъэкІэ ар зыхуэзэр гъатхэпэ мазэм и 21 - 22 махуэхэрщ. Абдежым илъэсыщІэр къихьэу адыгэхэм ялъытэрт... Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъамэ (мэкъуауэгъуэм и 21 - 22), гъэмахуэм щІидзэрт, Вагъуэбэр жыг щхьэкІэм хыхьамэ (фокІадэм и 21 - 22), бжьыхьэр къэсат, Вагъуэбэр щІым хыхьэжамэ (дыгъэгъазэм и 21 - 22), щІымахуэр къихьат.

● Прозэу тха усэ

# Уэрэд



Макъамэ гуэрым сынешэж, макъамэ гуэрым сыхогъуащэ. Ди уафэм нэпс зэрыщІигъэжыр макъамэ щэхум къыджеІэж. Псалъэншэщ. Уафэри гъунэншэщ. КуууІуэщ. КуууІуэщи, гупсысэри еуІэ. УІэгъэр нэхъри гуауэ кІуапІэщ. Псэр сыту лъапІэ... Макъамэм щІэлъри аракъэ... Зыгуэрым и псэ, гум и плъыфэ...

Макъамэм лъапцІэу хохьэ псалъэ. Я пситІыр уафэм щызэхохьэ, я гъащІэр вагъуэхэм япсыхь. Аргуэру нэгум укъыщІохьэ. Уэрэдыр макІуэ насыпыхь. Ар щІэхыу носри гу уІэгъэм, и лъащІэм хъуаскІэ щыІэпоху. Зы хъуаскІэ жылэр къызэрокІ, гу лъащІэм гъащІэ къотІэпІыкІ. Уэрэдым жеІэ: «И цІэр фІэщ, и гугъэ нэпсри умылъэщІ»... ПкъроузыкІ макъамэм псалъэ. Уэрэдым ещІэр гум и пІалъэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.

● Псалъэжьхэр

# ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ

**♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.**
**♦ХьэщІэр бысымым и гъэрщ.**
**♦ХьэщІэр жэщищ исмэ, быным ящыщ мэхъуж.**
**♦Бажэм дыгъужьибл къегъапцІэ.**
**♦Бжьэм фо здэщыІэр ещІэ.**
**♦Былымыр жьы зэрыхъур и фэщ.**
**♦Гуэным имылъмэ, Іэнэми телъкъым.**
**♦Жылэм дэлъмэ, уиІэщ.**
**♦ЖысІэр щІэ, сщІэм уемыплъ.**
**♦ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ.**
**♦Губзыгъэм и гуІэгъуэр делэм и гуфІэгъуэщ.**



## ТебэкІэ гъэжьа лы Іыхьэхэр, джэдыкІэ вынш телъу

Былымыл лыпцІэр грамми 100 хъу Іыхьэурэ, и Іувагъыр см 2-м нэблагъэу яупщІатэ. Шыгъу, шыбжий траудэ, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІри тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щІыІум джэдыкІэ вынш тралъхьэ, бжьыныху шыпс тракІэж. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ, щІакхъуэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):*
былымылу - г 200,
джэдыкІэу - 1,
тхъууэ - г 30,
шатэу - г 30,
бжьыныху укъэбзауэ - г 15,
шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

● Шхыныгъуэхэр

## Къэб зыдэлъ хьэлывэ

ПщагъэкІэ япща тхьэвыр гуэдз хьэжыгъэ зытегъэщэща Іэнэм тралъхьэри, я хьэлъагъыр г 60 - 70 хъу Іыхьэурэ зэпаупщІ, я Іувагъыр мм 2-3 хъууэ яху, къэб хьэжар тралъхьэри, тхьэв кІапэхэр зэрагъэубыд. Хьэлывэр тхъу зыщыхуа тебэм иралъхьэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 25-кІэ, ягъажьэ.

***Хьэлывэм дэлъынур**:* зи фэр нэхъ Іув къэбыр ятхьэщІри, ялъэщІыж, ІупщІэурэ зэгуауд, и кум жылэри лъэхъыцхэри кърах, и фэр трагъэж, къэнар лыхьэжым щІагъэкІ. Абы фошыгъу халъхьэ, зэІащІэри, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 10 - 12-кІэ щІыІапІэм щагъэт. Псы лей къыщІэжамэ, щІакІэж.

***Халъхьэхэр**:*
*Тхьэвым:*
гуэдз хьэжыгъэу - г 500,
шэуэ - г 250-рэ,
пщагъэу - г 40,
шыгъуу - г 5,
фошыгъуу - г 30
*Хьэлывэм дэлъынур:*
къэбу - г 700

**КЪУБАТИЙ Борис**.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Пщыхьэщхьэм ... ин къыкъуэуащ. **6**. Языныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІацІэ. **7**. Фэдэн (Іуданэ) ящІыну зэгуагъэжа былымыфэ. **9**. Выгур зезыгъакІуэм иІыгъ чы кІыхь. **12**. Джэду ... е къаз ... **13**. Дзыгъуэм кІэмужыр къыхуэзыгъакІуэ псэущхьэ дахэ цІыкІу. **14**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэгум тетщ. **15**. ФадэхэкІ. **16**. Адыгейм и япэ президент. **18**. Инджылызым я премьер-министр. **20**. Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пхъэхэкІ.

***Къехыу:*** **1**. Сабий цІынэ гъыринэр абыкІэ ягъэудэІу. **2**. Шым и кІуэкІэ. **3**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **4**. Къалэ, псыежэх. **8**. Іэпслъэпсым щыщ. **10**. Мэлыхъуэ пщыІэ. **11**. Вым и пщэм тралъхьэу зэрыщІащІэ пхъэ. **15**. ГъэшхэкІ. **17**. ...-махуэми, си машинэ къутар зэзгъэпцІыжащ. **19**. ... гъущэрылъэ фыз игъэплъа лІырэ. **21**. Бдзэжьей зэрещэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.

**Жэпуэгъуэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Шэцыкуэ. **6**. Мэшбэв. **9**. Шырыкъу. **11**.Хъан. **12**. Джэд. **13**. ЛэпІанкІэ. **14**. Гъуэз. **16**. Аму.**18**. Сабий. **20**. Бжьыныху. **22**. Чэруан.
***Къехыу:*** **1**. Ацкъан. **2**. ЦІэ. **3**. Гъум. **4**. Абрэдж. **5**. Шэпхъ. **7**. Вынд. **8**. Хур. **9**. Шхэпс. **10**. КъуэкІий. **14**. Гъуэмб. **15**. Залым. **16**. Армум. **17**. Удын. **19**. Бо.

# Псэхугъуэ

● Новеллэ

Ар бгылъэ щІыпІэм къыщалъхуат, зэрыцІыкІурэ куэдым къахуеплъыхыу есат. Пшэхэм зэрапэгъунэгъур и нэм къыщІэщырт, уэгум щыхуарзэ къуршыбгъэр и нэджыджым къищырт. И нэгум зэи щІэмыкІ бгы задэм ешэкІа лъагъуэм теувэу ар здэкІуэм нэс кІуэну ехъуапсэми, абы хунэмысурэ балигъ хъури, тафэм къехащ. Еджэн хуейт, и гъащІэр щызэтригъэувэфынури тафэрт.

Иджы ар гуитІщхьитІт. Мо лъагапІэм есар зы кумб гуэрым ирагъэувэха хуэдэт. Тафэм щекІуэкІ гъащІэм абы къыдалъхуа хьэлыр хуэмурэ икъутэрт, зэрыпэувын къаруи иІэтэкъым.

ГъащІэр блэлъэтри ежьэжащ. Ар зэгуэр къэкІуэжащ щалъхуа щІыпІэм, ауэ бгыхэм ямыцІыхуж хуэдэт. Иджы уэгум ит пшэхэр нэгъуэщІт, нэхъ къызэрыгуэкІт. Зэпымычу къыщхьэщыта къуршыбгъэри дэнэ кІуа? Абы дзыхьмыщІу къеплъырт нэгъуэщІ цІыхухэр. КІэщІу жыпІэмэ, хамэ унэм ещхьт къыздэкІуэжар. Абы и гъащІэ псор ихьат щалъхуа щІыпІэм епцІыжауэ къыщыхъуу. Мы илъагъухэр а гуныкъуэгъуэм хыхьэжати, гугъуехь тІуащІэр и псэм телът. Псори хамэм ещхьт, ауэ зыпІа щІым абы и лъэгум зыкърикъузылІэрт, афІэкІа имыутІыпщыну хэт хуэдэ. Зэрыхъуар имыщІэу ар зыщІэзышэ щІы хуабэм хэгъуэлъхьащ. ЩІым щызрикъузылІэм, абы зэгуэр щхьэщысыкІыу щыта пшэхэм я мэр къыщІихьэжащ, къуршыбгъэм и макъыр, и дамэхэм я щхъыщхъ макъри хэту, и тхьэкІумэм къиІуэжащ. Езы къурш дыдэхэри къыхуэгуфІауэ къыщыхъуащ.

Абы зыхищІащ зи псэр пыхуу ешам и пІэ щабэм хэгъуэлъхьэжа нэужь зыхищІэм хуэдэ псэхугъуэ...

**АЦКЪАН Руслан**.

● Адыгэ Республикэр илъэси 100 ирокъу

# Дуней псом щыцIэрыIуэщ

1922 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 27-м ВЦИК-м и Президиумым и унафэкIэ Адыгей автоном область къызэрагъэпэщауэ щытащ. Кубано-Черноморскэ областым и Краснодар, Мейкъуапэ къудамэхэм хиубыдэрт ар. Адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт а къэхъугъэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм къэралыгъуэ гъэпсыкIэ яIэ зэрыхъуам фейдэшхуэ къыпэкIуащ лъэпкъхэм я дежкIэ, хуитыныгъэхэр къаритащ, экономикэм, щэнхабзэм зрагъэужьыну Iэмал ягъуэтащ. Лъэпкъыр лъэпкъыу къызэрызэтенэм и мызакъуэу, тхакIуэхэр, усакIуэхэр яIэ мэхъу, литературэм, гъуазджэм зеужь. Зэман кIэщIым къриубыдэу еджапIэхэр, щэнхабзэ, медицинэ IуэхущIапIэхэр къоунэху. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, 1926 гъэм мэлыжьыхьым Адыгейм еджэпIэ 46-рэ итт. Мы бжыгъэр революцэм ипэкIэ щыIам нэхърэ хуэдиплIкIэ нэхъыбэщ.

Апхуэдэуи щIыналъэм техникумхэр, курыт еджапIэхэр, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэр къыщызэIуах, Совет тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэ Адыгейм къыщызэрагъэпэщ.

1922 гъэм шыщхьэуIум и 24-м Адыгей (Шэрджэс) автоном областу зэрахъуэкIащ. 1937 гъэм щегъэжьауэ Адыгей автоном областыр Краснодар крайм хыхьэу щытащ.

Адыгейр къэрал-лъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ирихьэлIэу япэ дыдэу щIэныгъэншагъэр зыгъэкIуэдахэм язщ, колхозхэр къызэгъэпэщынымкIи япэ итащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм областым и цIыху мин 80 я хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхъумэну фронтым Iухьащ. «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ Адыгейм и цIыху 52-м, абыхэм ящыщу 7-р адыгэт.

Адыгэ хэгъэгум и гуащIэрыпсэухэм зэи я гъунэгъухэм зыкъыкIэрагъэхуакъым, сытым дежи зыужьыныгъэ гъуэгум тетт, зауэ нэужь лъэхъэнэми экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжыным, псэукIэр егъэфIэкIуэным жыджэру телэжьащ. Абы щыгъуэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Адыгейм Ленинным и орденыр (1957 гъэ), Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр (1972 гъэ) къыхуагъэфэщащ.

1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м Адыгей областым и Советым и цIыхубэ депутатхэм тхыдэ мыхьэнэ зиIа сессие ирагъэкIуэкIащ, автоном областыр РСФСР-м хэгъэгу щхьэхуэу хэгъэхьэнымкIэ. Жэщ хъуху екIуэкIа зэIущIэм и кIэухым утыку кърахьауэ щытащ РСФСР-м Адыгей Автоном Советскэ Социалистическэ Республикэ зэриIэмкIэ. Абы папщIэ депутат 63-м арэзыуэ Iэ яIэтат, 43-р арэзытэкъым, 2-р гуитI- щхьитIт.

Адыгейр хэгъэгу щхьэхуэу Урысей Федерацэм хэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэм я II съездым. Ар 1990 гъэм екIуэкIащ икIи «РСФСР-м и къэрал суверенитетым и декларацэр» и тегъэщIапIэу РСФСР-м и Конституцэм и 71-нэ, 82-нэ, 84-нэ стаьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. А зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Урысейм и автоном областхэр крайхэм къыIахыжри, Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэ хъуащ. Ар конституцэкIэ щIагъэбыдащ 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м.

Адыгэ Республикэ щхьэхуэ зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Краснодар крайм и губернатор Кондратенкэ Николай а Iуэхур къазэрыдиIыгъами. Урысей Федерацэм и хэгъэгущIэм и Iэтащхьэ Джарым Аслъэн и гъусэу абыхэм утыку кърахьат иужькIэ зэIэпах хъуа псэлъафэр: «Уходя, остаемся!». Ноби а къыхуеджэныгъэм щIэтщ хэгъэгухэр.





ИужькIэ, 1991 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м, Адыгей ССР-м къэрал суверенитетым и Декларацэр къищтащ. Къэралым и Президент Ельцин Борис 1991 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м Iэ щIидзащ «Адыгей Автоном областыр РСФСР-м хэт Адыгей Совет Социалистическэ Республикэ зэращIам теухуауэ» РСФСР-м и Унафэм. Абы къыщыхьат щIэуэ зэрагъэпэща щIыналъэм Адыгейм ис лъэпкъ псоми хуитыныгъэ щаIэу, цIыхум и хуитыныгъэр хъумэныр япэ ирагъэщу зэрыщытынур.

КъыкIэлъыкIуэу унафэ тращIыхьащ Урысейм и хэгъэгущIэм хабзэ къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэр иIэн зэрыхуейм. ИкIи РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкIэ ар хуит ящIащ и щIыналъэм и тхыдэм щыяпэ Парламент къызэригъэпэщыну, депутати 100 хэту.

Адыгей автоном областыр-УФ-м хыхьэ Адыгэ Республикэ зэращIрэ блэкIа илъэс 30-м къигъэлъэгъуащ ипэкIэ яча лъэбакъуэхэр пэжу къызэрыщIэкIар, Кавказым ис лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм зауж ьынымкIэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъуар.

Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ автономием къыкIэлъыкIуэу республикэ хъуа щIыналъэм адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIам. Кавказ зауэжьым иужькIэ, 1897 гъэм ирагъэкIуэкIауэ щыта къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кубань и Iэгъуэблагъэм иса ди лъэпкъэгъухэр абы щыпсэу цIыхухэм я процентi 2 къудей хъууэ арат. ЦIыху мини 192-рэ исти, абы щыщу мин 30-рат адыгэр. А бжыгъэм хэтт Щхьэщэхуж щыпсэухэри, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэри. Иджыпсту республикэм адыгэ мини 127-рэ исщ. Автономием лъэпкъыр нэхъ зэщIикъуащ. Хьэхъурэт Щыхьынджэрий хэкум пашэ хуэхъуат абы щыгъуэм. Республикэр щIыналъэ щхьэхуиту зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт экономикэмрэ щэнхабзэмрэ къэIэтыным. Арауэ жыпIэ хъунущ щIыналъэр зыгъэбыдар.

Къэралыгъуэ зэрыхъуам и нэщэнэ ныпыр, гербыр, гимныр къащтащ. Зэманыр зэрыхьзэрийуэ, зэпэщIэувэныгъэхэр щыкуэду щыщытами, ди лъэпкъэгъухэм яхузэфIэкIащ я адыгэ лъэпкъым и ныпыр къэрал ныпу кърагъэщтэн. Абы папщIэ Адыгейм и лIыкIуэхэр Санкт-Петербург щыIэ геральдикэ комиссэм ягъэкIуауэ щытащ. Лъэпкъ ныпым и теплъэри пхъуэж зэрымыхъунур щрагъэдащ абы. НэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIауэ республикэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэри хъума хъуным и нэщэнэу, Джарым Аслъэн къыхилъхьэри, ди лъэпкъ бэракъыр Адыгейм и къэрал IуэхущIапIэ псоми фIадзащ. Илъэси 160-рэ зи ныбжь лъэпкъ ныпыр нобэ къэрал мыхьэнэ зиIэ хъуащ. ИужькIэ зэныкъуэкъуи къиини къыхэмыкIыу гербымрэ гимнымрэ къащтащ.

Адыгейм езым къэралыгъуэ гъэпсыкIэ иIэ зэрыхъуам куэд къаритащ, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, а зэманым мыхьэнэшхуэ зиIа мэкъумэшым, экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми зрагъэужьынымкIэ автономием и фIыгъуэшхуэ къекIащ.

«Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу Совет Союзыр субъект куэду зэхэтащ. Адрей лъэпкъхэми хуэдэу, 1922 гъэм Адыгейми езым и автономие иIэ хъуащ. Ар къыддэмыхъуауэ щытамэ, дыхэшыпсыхьыжынри зыхуэIуа щыIэтэкъым. Абы къыдэкIуащ еджапIэхэр, япэ газетыр, нэгъуэщI куэди. Республикэм къэралыгъуэ къулыкъухэр щыIэ хъуащ, псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зиужьащ, жылэхэм газыр нэсащ, гъуэгухэр яухуащ, ди лъахэм къыщыщIагъэкIхэм заубгъуащ, щэнхабзэм, туризмэм, спортым хэпщIыкIыу зиужьащ.

Илъэс 30-м Адыгейм зэхъуэкIыныгъэу иIар мащIэкъым, иджыри а Iуэхур ягъэкIуатэ къэрал къулыкъу пэрытхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэу щытари, иджыпсту щытри мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, лъэпкъыу хэгъэгум исхэр зэхуэфIыныр, зэкъуэш республикэхэм я зэпыщIэныгъэр мыгъэкIуэдыныр аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм ди зэкъуэшыныгъэр ди лъэмыжыу сыт щыгъуи дадэлэжьащ. Абыхэм я Iэтащхьэхэмрэ сэрэ зэныбжьэгъугъэ ди зэхуаку дэлъу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ зыхуэбгъэдэн къулыкъущIэ щыIэтэкъым, цIыхушхуэт. Ар Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и тхьэмадэм и къуэдзэуи лажьащ. Пасэу дунейм зэрехыжам сигу хегъэщI, сэ нэхърэ нэхъыщIэт, ныбжьэгъугъэр зыгъэпэж, къэрал къулыкъур зыхуэфащэ цIыху лъэрызехьэт. Дэ сыт щыгъуи дыхущIэкъуащ зэкъуэш республикищыр быдэу зэпхауэ зэдэлэжьэным, зэкIэлъыкIуэным.

Сызэрыгушхуэхэм ящыщу къыхэзгъэщынущ ди лъэпкъэгъухэр Косовэ къитшыжауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм апхуэдэ Iуэху зэфIэпхыныр, зауэ щекIуэкI къэралым цIыхухэр къипшу нэ-гъуэщI къэрал бгъэIэпхъуэныр Iуэхушхуэт, зэи къэмыхъуауэ, ди къэралым къытхуищIат апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ, ди къуэшхэр ди республикэм къыдигъэшэжат. Къытхыхьэжа ди лъэпкъэгъухэр куэд щIащ тщыщ зэрыхъужрэ, ахэр республикэм и зыужьыныгъэм хуолажьэ, дахэу мэпсэу», - жеIэ Адыгейм и Япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн.

Республикэм зэманым декIуу зэрызиужьым я фIыгъэшхуэ хэлъщ илъэс зэхуэмыдэхэм абы и унафэщIу щытахэу Джарым Аслъэн (1992 - 2002), Щэумэн Хьэзрэт (2002 - 2007), ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий (2007 - 2017), 2017 гъэ лъандэрэ Iэтащхьэ къулыкъум пэрыт КъумпIыл Мурат сымэ.

Урысейм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр нобэ республикэм жану щызэфIах, бгъэдэлъ беягъхэмкIэ къэралым щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и нэIэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэфIэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ щыIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпыным. А псори цIыхубэм зэхащIыкIыу, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, ефIакIуэ зэпыту мэпсэу илъэси 100 гъуэгуанэ зи щIыбагъ къыдэлъ Республикэр.

Псэуклэм ехьэлIа Iуэхур псом япэ ирегъэщ унафэщIым, сыт хуэдэ Iэмал щыIэми къегъэсэбэп, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр елъагъу, жаIэхэр зэхех, къыхуатххэм йоджэри, ар и лэжьыгъэм щыщ мэхъу. Министерствэхэм къалэн щхьэхуэу яхуегъэув федеральнэ къулыкъущIапIэхэм жыджэру дэлэжьэнхэу, сэбэпынагъ куэд къахуэзыхь лъэпкъ проектхэр, къэрал, республикэ программэхэр и чэзум зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъуным быдэу кIэлъоплъ.

Адыгейм и псэукIэр зэрефIакIуэм, зэрызиужьым абы щыпсэухэми хьэщIэу еблагъэхэми гу лъатэ. Я гъуэгухэр, жылагъуэ щIыпIэхэр дахэу зэрагъэпэщ, спортым, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэхэр къызэIуах, цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэхэр и куэдщ, сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри Мейкъуапэ щыбгъуэтынущ, щIыналъэхэмрэ жылэхэмри еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIуах. А псор и щыхьэтщ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм ящыщу зыужьыныгъэмкIэ Адыгейр япэ зэритым.

АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ папщIэ и псэ емыблэжу и къулыкъум пэрытщ. Абы жиIащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ, республикэм щыпсэухэм я къарумрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я фIыгъэкIэ хэгъэгур зэпIэзэрыт зыужьыныгъэ гъуэгу дахэм зэрытетыр.

Нобэ Адыгейр дуней псом къыщацIыху лъахэ дахэщ. Абы и щIыуэпсыр, бгылъэ щIыпIэхэр, псыкъелъэхэмрэ ежэххэмрэ зэ зылъэгъуауэ димыхьэха щыIэу къыщIэкIынкъым. Адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ, утыку ит къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж «Налмэсымрэ» «Ислъэмеймрэ», IэпэIэсэу, зэчиифIэу, щIэныгъэлIу, тхакIуэу, сурэтыщIу ис цIыху цIэрыIуэхэр уи нэгу къыщыщIыхьэкIэ, узэрыадыгэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

ФIыгъуэ куэд щыгъэпщкIуа Iуащхьэхэмрэ щэху зыкъом зыхъумэ испы унэхэмрэ зыплъыхьакIуэ куэдым я нэ къыхуокI. Ахэращ нобэ Адыгейр къозыгъэцIыхур, абы и цIыхухэращ ар фIыуэ уэзыгъэлъагъур. Ди къуэш республикэм дохъуэхъу Урысей Федерацэми дуней псоми и пщIэр къыщалъытэу, зиужь зэпыту иджыри бэрэ щыIэну!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщIредакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.736 • Заказыр №2049

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

